**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HÁM ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATINDAǴI QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI**

**A.TASPÁNOVA,R.TLEUBERGENOV,B.EREJEPOVA, G.PIRNIYAZOVA**

# TARMAQLAR SALASIN TÁRTIPKE SALIW HÁM BÁSEKI

páninen

(Oqıw-metodikalıq qollanba)

Joqarı oqıw orınları magistr tálim baǵdarınıń ekonomika qániygelikleri ushın oqıw-metodikalıq qollanba

**NÓKIS -2020**

**A.TASPÁNOVA, R.TLEUBERGENOV, B.EREJEPOVA, G.PIRNIYAZOVA**

# TARMAQLAR SALASIN TÁRTIPKE SALIW HAM BÁSEKI páninen

Oqıw-metodikalıq qollanba. Nókis - 2020

Bul oqıw-metodikalıq qollanbada Ózbekstan monopoliyaǵa qarsı basqarıwdıń teoriyalıq hám ámeliy tiykarları; mámleket siyasatina tiyisli ilimiy bilimler haqqında oyda sáwlelendiriw hám bilimge ıyelewi kórip shıǵılǵan.

Oqıw-metodikalıq qollanba ekonomika magistr tálim baǵdarında oqıp atırǵan joqarı oqıw orınları studentleri ushın arnalǵan.

**Pikir bildiriwshiler:**

**G.Utemuratova-** *Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti,uliwma ekonomikaliq pánler kafedrası baslıǵı ekonomika ilimleri kandidatı, universitet professori*

**R.Karlibaeva -** *Toshkent Mámleketlik ekonomika universiteti, ekonomika ilimleri doktori,professor*

# Kirisiw

Prezidentimiz Sh.M Mirziyoev 2020-jılı 28-may ku'ni ekonomikada ba'sekini ta'miynlew ha'm tutınıwshılar huqıqın qorg'awg'a bag'ıshlang'an jıynalıs bolıp өtti.O'zbekistan Respublikası Ja'han ekonomikasıı menen өz ara baylanıslardın' rawajlanıp atırg'anlıg'ı ishki bazardı ba'seki ortalıg'ın ta'miynlew islep shıg'arıwshılardın' ba'sekilesligin artırıw talap etetug'ınlıg'ın ayttı.

Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoev O'zbekistan bazar ekonomikasına өtiw protsesinde ba'seki ma'selesi pentsipiyal a'hmiyetke iye ekenligin aytıp өtti ha'm tөmendegilerdi keltirip өtti.

Meni qa'weterlendiretug'ın ma'sele sonda, ka'rxanalarımız sırtqı ba'sekige shıdam bere alama? Shetten tovar kirip kelse ma'mleketimizde islep shıg'arılg'an tovarlar og'an ba'sekeles bola alama? Bu'gingi ku'nde 31 tovar toparı 82 tu'rdegi xızmetler bazarında 245 ka'rxana monopol halda saqlanıp qalg'an. Mısal 2020-jıl 12-martdag'ı mag'lıwmatlarg'a qarag'anda «UzAvtoMotors» avtomobil kompániyasının' kөp jen'ilikler beriwine qaramastan өzine tu'ser bahası tek 2% kemeygen bul avtomobiller sırtqı bazardag'ı bahalardan 20-50% qımbat ekenligi kөrsetildi.

Ba'seki bolmasa sapa bolmaydı baha tu'speydi. Zaman өzgerip biraq monopol ka'rxanalar өzgere almay atır. Qashan ba'sekige tayar bola alamız, tarawlarda ha'm qa'niygeler bar bolsa. En' a'zzi ta'repimiz ta'jiriybeli qa'niygeler texnologiya joq sonın' ushın qa'niygeler jetistiriw za'ru'r dep oylayman.

Ba'seki rawajlandırıw boyınsha pa'n ashılıw qosılaman ha'm qollap quwatlayman dep pikir bildirgen.

O'zbekistan Respublikası Monopoliyag'a qarsı gu'resiw komiteti xızmetlerin sho'lkemlestiriw tuwralı" 2019-jıl 24-yanvardag'ı PQ-4126-sanlı qararında belgilengen. 11. Yag'nıy, 2019-2023 jıllarda tovar ha'm finans bazarlarında ba'sekelikti rawajlandırıw strategiyasın islep shıg'ıw ha'm O'zbekistan Respublikası Wa'zirler Kabinetine tastıyıqlaw ushın kiritiw, bunda to'mendegiler na'zerde tutılg'an:

Ba'sekilikti qorg'aw ha'm rawajlandırıw sistemasın transformatsiya qılıw ha'mde monopoliyag'a qarsı ta'rtipke salıwdın' milliy ekonomikada ha'm ja'ha'n ekonomikasında ushırasıp atırg'an sistemalı o'zgerisler ha'm protsesslerdin' u'lken talaplarg'a juwap beretug'ın ulıwma jan'a aldın'g'ı modelin jaratıw;

Tovar ha'm finans bazarların analiz qılıwdın' beyimlesiwshi, sonın' menen birge minez-qulq ekonomikası (behavioral ekonomiks) ko'rsetpelerine tiykarlang'an qualları ha'm usılların payda etiw;

Ba'sekilikti qorg'aw boyınsha aldın alıwshı qurallardı, sonın' menen birge monopoliyag'a qarsı kompleks mexanizmi- birinshi na'wbette tovar ha'm finans bazarlarında u'stinlikti iyelep turg'an xojalıq ju'ritiwshi subiektler ishinde ba'sekilik tuwralı nızamshılıq talaplarına muwapıqlıqtı ta'miyinlew sistemasın payda etiw;

Xoshametlew formalawdın' ba'sekini ku'sheytiriwshi ta'sir ko'rsetetug'ın taza joqarı na'tiyjeli usılları ha'm olardı qollanıwdı qadag'alaw mexanizmlerin payda etiw esabınan tovarlar (jumıslar, xızmetler) bahaları (tarifleri) ma'mleket ta'repinen ta'rtipke salıw sistemasın tu'pten jetilistiriw;

Raqamlı ekonomikanı monopoliyag'a qarsı ta'rtipke salıwdın' na'tiyjeli qualların, sonın' menen birge ba'sekilik tuwralı nızamshılıq buzılıwları transshegaralıq tu'rlerinin' aldın alıw maqsetinde jaratıw;

Ba'sekilik tuwralı nızamshılıq talapların buzg'anı ushın huquqıy ta'sir ko'rsetiw sharaların ku'sheytiw ha'm bir waqıttın' o'zinde huquqtı qollawda ken' imkaniyat beretug'ın kepillikti biykar etiw;

"kartel"kelisiwler ha'm til biriktiriwler sıyaqlı ba'sekige qarsı ha'reketlerdin' quramalı tu'rlerin anıqlaw ha'm olarg'a shek qoyıw maqsetinde huqıq qorg'aw organları menen o'zara birge islesiwdi ku'sheytiw.

Ekonomikadag'ı sistemalı o'zgerisler sha'rayatında monopoliyag'a qarsı ta'rtipke salıwdın' maqset ha'm wazıypaların belgilewdegi tiykarg'ı hu'jjetlerden biri 2019-2023 jıllar dawamında tovar ha'm finans bazarlarında ba'sekinin' rawajlanıw strategiyası bolıp esaplanadı.

Strategiyanın' tiykarg'ı maqseti ekonomikalıq o'siwdi, innovatsiyalardı xoshametlew, investitsiyalar ag'ımın ko'beytiw ha'm jan'a is orınların jaratıw, sonday-aq, tutınıwshılardın' ma'plerin ba'seki ortalıg'ın bekkemlew arqalı asırıwdan ibarat

Monopoliyag'a qarsı basqarıwdı a'melge asırıwda ma'mlekettin' joqarg'ı bag'darların belgilewdegi tiykarg'ı hu'jjetlerden biri 2019-2023 jıllar dawamında tovar ha'm finans bazarlarında ba'sekiliktin' rawajlanıw strategiyası bolıp esaplanadı

strategiyanı a'melge asırıwdın' tiykarg'ı bag'darları to'mendegiler: monopoliyag'a qarsı "aqıllı" ta'rtipke salıw sistemasın (smart fntitrust) jaratıw ha'm ba'sekini qorg'awdın' profilaktik sistemasına o'tiw;

bizneske qollanılatug'ın ta'rtipke salıw sisteması ju'klemesin kemeytiw;

ekonomikada ma'mlekettin' aralasıw da'rejesin pa'seyttiriw ha'm ma'mleket ja'rdemin usınıs etiwin jetilistiriw;

ta'biiy monopoliya ma'mleketinen ba'sekege shıdamlı bazarg'a o'tiw tosıqlardı sheklew;

bahalardı (tariflerdi) ma'mleket ta'repinen aqıllılıq penen ta'rtipke salıw;

Monopoliyag'a qarsı basqarıwdın' printsipleri to'mendegiler:

ten' imkaniyatlardı ta'miynlew (administrativlik tosıqlarsız bines ju'rgiziw, rawajlandırıw za'ru'rligi) printsipi;

ıqtiyarlılıq (bazarg'a kiriw ha'm shıg'ıw, kelisimler tan'lawı ha'm olardı imzalawdag'ı talaplar) printsipi;

normativ hu'jjetler bazasının' tuwrıdan-tuwrı a'mel etiwi ha'm orınlanıwın ta'miynlew (hu'jjetlerdin' ko'rsetpe ha'm tu'sindiriwdegi talapların ıqtiyarıy qabıl etiw ha'm qarsılıqsız orınlaw) printsipi;

norma orınlawshılarına bar bazanı sistemalastırıw, bazar qatnasıqlarının' ta'rtipke salınıwın ta'miynlew (hu'jjetlerdi jetilistiriw ha'm tu'sindiriwlerdegi jan'alanıwlar sanının' tiykarlarının' jeterligin esapqa alg'an halda minimallastırıw za'ru'rligi) printsipi;

Monopoliyag'a qarsı basqarıwdın' printsipleri to'mendegiler:

ten' imkaniyatlardı ta'miynlew (administrativlik tosıqlarsız biznes ju'rgiziw, rawajlandırıw za'ru'rligi) printsipi;

ıqtiyarlılıq (bazarg'a kiriw ha'm shıg'ıw, kelisimler tan'lawı ha'm olardı imzalawdag'ı talaplar) printsipi;

normativ hu'jjetler bazasının' tuwrıdan-tuwrı a'mel etiwi ha'm orınlanıwın ta'miynlew (hu'jjetlerdin' ko'rsetpe ha'm tu'sindiriwdegi talapların ıqtiyarıy qabıl etiw ha'm qarsılıqsız orınlaw) printsipi;

norma orınlawshılarına bar bazanı sistemalastırıw, bazar qatnasıqlarının' ta'rtipke salınıwın ta'miynlew (hu'jjetlerdi jetilistiriw ha'm tu'sindiriwlerdegi jan'alanıwlar sanının' tiykarlarının' jeterligin esapqa alg'an halda minimallastırıw za'ru'rligi) printsipi;

Monopoliyag'a qarsı basqarıwdı moyınlaw printsiplerinin' obiektiv orınlanıwına erisiw: a'melge asırılıp atırg'an reformalardı ha'r ta'repleme ju'zege shıg'arıw, sonday-aq, bazar qatnasıwshılarının' huqıqları, erkinlikleri, xojalıq ju'ritiwshi subiektlerdin' kepillikleri, qorg'awı ha'm qollap-quwatlanıwın ta'miynlewge qaratılg'an.

## 1. Ba'seki ortalıg'ının' payda bolıwı ha'm onı saqlawda ma'mlekettin' roli

O'zbekstan tovar bazarlarında ba'sekini rawajlandırıwg'a bag'darlang'an birinshi normativ hu'jjet bolıp 1992 jıl 2-iyulda qabıl etilgen O'zbekstan Respublikasının' «Monopolistik xızmetin sheklew haqqında»g'ı nızamı esaplanadı.

Ekonomika ha'm monopoliyag'a qarsı a'melinde tarawdag'ı a'hmiyetli o'zgerisler tiyisli nızamshılıq bazasın jetilistiriw za'ru'rligin ko'rsetedi. Sog'an qaray, 1996 jıldın' 27 dekabrinde jan'a – «Tovar bazarlarında monopolistik xızmetti sheklew ha'm ba'seki haqqında»g'ı nızamı ku'shke kirdi. Nızamda ko'zde tutılg'an rawajlang'an bazar ekonomikası ma'mleketleri ushın, O'zbekstan ha'm basqa o'tiw da'wiri ekonomikası ma'mleketler ushın ta'n bolg'an monopolistlerdin' ha'reketine qarsı ornatılg'an.

To'mendegi ha'reketler monopoliyag'a qarsı nızamshılıqqa ta'n emes esaplanadı:

- xojalıq ju'rgiziwshi subiekt ta'repinen bazardag'ı u'stinlik jag'dayının' suistemol etiliwi;
- xojalıq subiektlerinin' ba'sekini sheklewge qaratılg'an bitimleri (o'zara kelisilgen ha'reketleri);
- basqarıw barlıq da'rejedegi ha'kimiyat organlarının' ba'sekini sheklewge bag'darlang'an ha'reketleri;
- hadal emes ba'seki.

Monopolistik xızmet u'stinen qadag'alaw ornatıw ushın monopolist-ka'rxanalar Ma'mleket reestri engizildi. 1999 jıldın' 1-oktyabr jag'dayına reestrde 716 xojalıq ju'rgiziwshi subiekt 1924 tu'rdegi o'nim, jumıs, xızmet boyınsha dizimge alındı. Usı ka'rxanalar tek g'ana ayırıqsha xojalıq ju'rgiziwshi subiekt bazarındag'ı tovarlar u'lesinin' mug'dar ko'rsetkishi boyınsha monopolistik ka'rxanalar quramına kiritilgen. Bul orında bazardın' sapa jag'ınan quramı, a'sirese, ba'seki ortalıg'ın jarata alıwg'a uqıbı bolg'an, ornın basıwshı o'nimlerdin' payda bolıwı esapqa alınbaydı. Bunday qatnas tuwrı dep esaplaw mu'mkin emes. Sog'an qaray, nızamda tovar bazarında u'stinlikke iye bolg'an xojalıq ju'rgiziwshi subiektlerinin' ko'rsetkishleri ja'nede anıg'ıraq belgilep, olardı monopolistler qatarına kiritiwde de mug'darıda sapa ko'rsetkishlerinen paydalanıw za'ru'r.

A'meldegi nızamshılıqqa muwapıq jag'dayda tovar bazarındag'ı monopolistlerdi qadag'alawdın' salıstırmalı a'hmiyetli formalarınan biri bolıp, bahalardın' ma'mleket ta'repinen ta'rtipke salınıwı esaplanadı.

Du’nya ta’jriybesinde bahalardın’ ma’mleket ta’repinen ta’rtipke salınıwı ta’biiy monopoliyalar ushın ta’n. Ta’biiy monopoliyalardın’ payda bolıwi jag’dayında ma’mleket o’ndiris shıg’ınların ta’rtipke salıw yamasa bahanın’ en’ joqarı darejesin belgilew arkalı bazar mexanizmi ha’reketi quralında ta’miyinlewshi na’tiyjege jasalma jol menen erisiwge ha’reket etedi.

O’zbekstanda O’zR VM nın’ 1997 jıl 31-martdag’ı «O’zbekstan Respublikasının’ «Tovar bazarlarında monopolistik xızmetin sheklew ha’m ba’seki haqqında»g’ı nızamın a’melge asırıw ilajları haqqında»g’ı qararına muwapıq finanslıq sho’lkemlerge erkin bahalardın’ joqarı shegarası yamasa rentabellik da’rejesi barısında deklaratsiya tapsırıw arqalı barlıq monopolist-ka’rxanalardın’ o’nimi (tovar, xızmet)lerine bolg’an bahalardı ma’mleket ta’repinen ta’rtipke salıw qollanılmaqta.

Ta’jriybenin’ ko’rsetiwinshe, shegaralıq bahalar ha’m rentabellik normalardı qollag’an jag’dayda bahanı sho’lkemlestiriwdi ma’mleket ta’repinen ta’rtipke salıwdı ko’binese unamlı na’tiyje bermeydi, sebebi ol bahalardı qa’liplestiriwdin’ bazar qatnasıqların esapqa almag’an jag’dayda shıg’ın mexanizmne tiykarlanadı. Bahalardı deklaratsiyalawdın’ byurokratik printsipinin’ qollanıwı ka’rxanalardın’ bazardag’ı baha boyınsha imkaniyatın pa’seytedi. Bunın’ u’stine, monopolist-ka’rxanalar ushın bahanı ornatıwda ba’sekishilerdin’ o’nimine qoyılg’an bahalar esapqa alınbaydı.

Ko’plegen qa’nigelerdin’ pikirinshe, monopol joqarı bahalar turaqlı az ma’mlekettin’ aralasıwına jol qoymaydı. Bunday bahalarda payda alıw imkaniyatı bazarda xızmet ko’rsetip atırg’an subiektlerdin’ islep shıg’arıw ko’lemin asırıwg’a, baskalardın’ bolsa bazarg’a kirip keliwine imkan jaratadı. Ma’mleket tek g’ana bazarg’a kiriw ushın tosıqlar payda bolg’an jag’daydag’ana aralasıyaı mu’mkin.

## 2.Respublikamızda salamat ba’seki ortalıg’ın jaratıwda O’zbekstan Respublikasının’ arnawlı nızamları

Du’nya ta’jriybesinde ken’ ko’lemde bahalardı ma’mleket ta’repinen ta’rtipke salıwdın’ na’tiyjesizligin esapqa alg’an jag’dayda sho’lkemlestiriw tarayaındag’ı monopoliyag’a qarsı siyasattın’ tiykarg’ı bag’darı bolıp, ka’rxanalardın’ o’nim ha’m xızmetleri bahaları tikkeley ma’mleket ta’repinen ta’rtipke salıw tarawının’ qısqartılıwı esaplanadı. Bahalardın’ ulıwma qadag’alawınan olardın’ monotoringge o’tiwi lazım. Usınılıp atırg’an finanslıq sho’lkemlerge bahalardın’ shegaralıq da’rejesi haqqında deklaratsiya tapsırıwdın’ biykar etiliwi na’zerde tutadı. Tek

g'ana bahalardın' keskin o'sip barıw jag'dayı anıqlang'anda quramında bolg'an bahalardın' ekonomikag'a tiykarlang'anlıg'ı analiz etiliwi za'ru'r. Tek g'ana monopol joqarı bahalar belgilengen jag'daylarda monopolist-ka'rxanalar ushın bahanın' mu'mkin bolg'an shegarasın u'yreniw lazım. Bizin pikirimishe, usınılıp atırg'an mexanizm ha'zirgi basqıshta en' na'tiyjeli esaplanadı.

Sonıda aytıp o'tiw kerek, O'zbekstan Respublikasının' «Tovar bazarlarında monopolistik xızmetin sheklew ha'm ba'seki haqqında»g'ı Nızamı xalıq aralıq analogler tiykarında du'zilgen, biraq, bul nızam a'melge asırılıp atırg'an ortalıq rawajlang'an ma'mleketler jag'dayında tu'pkilikli ayırmashılıqqa iye bolıp, onın' orınlanıwına ta'sir ko'rsetedi. Nızamshılıqtın' na'tiyjeli orınlanıwına tosqınlıq etiwine qarag'anda en' baslı faktor bolıp esaplanadı.

A'melde nızamshılıqqa qarag'anda, huquqıy shaxslardın' birlespeleri (sho'lkemler, assotsiatsiyalar, kontsernler ha'm t.b.) ushın assotsiatsiyalang'an subiektlerdin' xojalıq xızmetine aralasıwı qadag'an etiledi. Biraq, a'melde sho'lkemlestirilgen birlespeler, a'dette aldın ha'reket etken taraw ministrliklerinin' dayaamshıları bolıp, ha'zirgi waqıtta olarg'a shiyki resurslardı, oraylastırılg'an kapital qarjıların bo'listiriw, o'nimlerdi satıw ha'm basqada wazıypalardın' ju'kletiliwi ko'binese ba'seki ortalıg'ının' rawajlanıwın pa'seytirip qalmay, ba'lkim olardın' jaratılıwına tosqınlıq etpekte. Olardın' hareket etiwi kishi biznestin' shiyki at resurslarına, valyuta qarjılarına bolg'an imkaniyattı sheklew arqalı tosıqlar qoyıwı unamsız jag'day esaplanadı.

Birlesken jag'dayda ha'reket etip atırg'an birlespelerdin' quramın qayta du'ziw monopoliyalardı sheklew ha'm ba'sekini rawajlandırıwdın' za'ru'r sha'rayatlarının' biri esaplanadı. Bunday birlespelerdin' wazıypası bolıp marketing xızmetleri ta'miyinleniwi, ilimiy-izertlew ko'rsetpelerin a'melge asırıw, olardın' a'melde qollanıwına ja'rdem ko'rsetiwi esaplanadı.

O'zbekstanda orınlanıp atırg'an monopoliyag'a qarsı nızamshılıqtın' ja'nede bir mashqalası – ma'mleket monopoliyag'a qarsı organına nızamshılılıqtı buzg'anlıg'ı ushın ekonomika sanktsiyasın qollaw huquqının' beriliwi bolıp tabıladı. Sebebi xalıq aralıq ta'jriybede bul sıyaqlı ma'seleler sud ajrımları arqalı sheshiledi. Respublikada monopoliyag'a qarsı nızamshılıqqa boysınıw ma'sellerin ko'rip shıg'ıwda sud a'meliyatının' rawajlandırılıwı xojalıq subiektlerinin' juwapakershiliklerin asıradı.

O’zbekstanda jaratılg’an ba’seki siyasatın alıp barıw sisteması o’z ishine nızamlar ha’m nızamg’a tiyisli hu’jjetlerin, onı a’melge asırıwda tutınıwshılar huquqın qorg’aw ushın juwapker bolg’an arnawlı sho’lkemlerdi, sonın’day-aq, usı siyasattı a’melge asırıw mexanizmlerin o’z ishine aladı. Biraq, bul tarawdag’ı belgili jetiskenliklerge qaramay, ba’seki siyasatın a’melge asırıw maqset ha’m usılları onı ja’nede jetilistiriwdi ko’rsetedi.talap etedi.

Bul en’ aldı menen, globallasıw ko’leminde ha’m ta’sir etiw ku’shlerinin’ o’siwi menen sha’rtlengen bolıp, bunın’ na’tiyjesinde milliy islep shıg’arıwshılar ba’sekige shıdamlılıg’ın asırıw ushın sha’rayat jaratıwdı talap etedi.

A’sirese, O’zbekstanda 2003 jılda usı operatsiyalar esabı boyınsha erkin konvertatsiyag’a kiritilgen bolıp, bul ishki bazardag’ı milliy ha’m shet el o’ndiriwshiler arasındag’ı ba’sekini ku’sheytiredi.

Bunnan tısqarı, sonı ta’n alıw kerek, respublikada ba’sekini rawajlandırıw barısında o’tkerilip atırg’an siyasat jeterli da’rejede ta’sirli emes.

Bazar ekonomikası tarixi – bul ko’p ta’repten monopolizmnin’ unamsız aqıbetlerine qarsı gu’res tariyxın korsetedi. Teoriya menen praktika sonı ko’rsetedi, monopolizm to’mendegi aqıbetlerdi keltirip shıg’aradı:

- tutınıwshılar monopolist firmalardın’ o’nimleri ushın ba’seki bazarındag’ı sog’an uqsas o’nimler bahasına salıstırg’anda to’lewi lazım bolg’an ju’da’ joqarı bahalar;
- joqarı bahalardı uslap turıw ushın tu’rli tarawlar arasında resurslardın’ na’tiyjesiz bo’listiriliwine, olardan monopoliyalastırılg’an tarawlarda jeterli da’rejede paydalanbawına alıp keliwishi tovar ha’m xızmetlerdin’ ayırıqsha tu’rlerin islep shıg’arıw jasalma ra’wishte sheklew.
- o’ndiristin’ texnikalıq jaqtan rawajlanbay qalıwı, o’nimnin’ pa’st bolıwı.

## 3. O’zbekstan Respublikası Monopoliyadan shıg’arıw ha’m ba’sekini rawajlandırıw ma’mleket komitetinin’ ekonomikanı turaqlı tu’rde rawajlandırıwdag’ı roli

Monopolizm rejeli ekonomikadan bazar ekonomikasına o’tiwdi a’melge asırıp atırg’an ma’mleketlerde elede ko’birek mashqalalardı keltirip shıg’aradı. Bul O’zbekstang’ada tiyisli bolıp, ma’mleketimizde tarixiy miyraslarg’a qarag’anda ma’mleket strukturalarına uqsas

(sho'lkemler, kontsernler, korporatsiyalar, kompániyalar) formasındag'ı monopoliyalar saqlanıp qalg'an.

Olar ko'binese taraw ministrliklerine ha'm wazıypalarına iye boladı.

O'nim ha'm shiyki zatlardın' ayırıqsha tu'rlerin limit ha'm fond ko'rinisinde bo'listiriwdin' eski sisteması, biznesti a'melge asırıw ushın ruxsat, litsenziya, sertifikatlar beriw, kelisiw sıyaqlı bar bolg'an ha'kimshilik tosıqlar monopolistik tendentsiyalarg'a ko'birek imkaniyat jaratadı.

Sog'an qaray, O'zbekstanda na'tiyjeli ba'seki ortalıgın jaratıw ushın; to'mendegiler boyınsha ilajlardın' a'melge asırılıwın talap etedi:

a) ekonomikada ma'mleket monopolizmnin' ha'r qanday ko'rinisin maksimal da'rejede saplastırıw. Bunın' ushın isbilermenlikti rawajlandırıw ha'm ekonomikanı ma'mleket ta'repinen basqarıw sistemasın jetilistiriw ushın salıstırmalı qolay sha'rayatlar jaratıwg'a qaratılg'an teren' institutsional reformalar za'ru'r;

b) bazar sha'rayatında payda bolıp atırg'an monopoliyalardın' bazardag'ı o'z u'stinliklerin suistemol etiw imkaniyatlarının' aldın alıw. Ma'mleket sho'lkemleri ba'sekinin' rawajlanıwın ta'miyinlew lazım. Bunısız na'tiyjeli innovatsiyalar, pa's shıg'ınlar ha'm bahalar, o'nimnin' joqarı sapasına erisiw, basqasha aytqanda, pu'tkil ekonomikanın' ba'sekige shıdamlılıg'ın asırıw mu'mkin emes.

Ba'sekini rawajlandırıw boyınsha ilajlardı a'melge asırıw na'tiyjeleri bolıp ekonomika agentleri xızmetin ta'rtipke salıwda bazar mexanizmleri rolinin' ku'sheyiwi, bazarg'a kiriwdegi ha'kimshilik tosıqlardı saplastırıw, ekonomikanın' barlıq subiektleri ushın ba'seki sha'rayatlarının' qa'liplesiwi lazım bolıp esaplanadı. Ba'sekinin' rawajlanıwındag'ı en' baslı strategik maqset-tutınıwshı ta'repinen ekonomikalıq jaqtan ta'n alıng'an bahalarg'a turaqlı ra'wishte sapalı sotsiallıq xızmetlerdi alıw imkaniyatın jaratıwdan ibarat.

Ba'seki ortalıg'ın rawajlandırıwdın' ko'plegen mexanizmleri bar. Bular – menshiklestiriw, ta'rtipke salıwdan qaytıw, monopoliyadan shıgarıw, kishi ha'm orta isbilermenlikti rawajlandırıw ha'm basqalar. Olardan paydalanıw ma'mlekettin' tiyisli bazarlarındag'ı jag'dayg'a, ekonomikanın' anıq rawajlanıw da'rejesine, ishki ha'm sırtqı faktorlardın' ta'sirine baylanıslı. O'zbekstanda qollanıwshı usıllardı ko'rip shıg'amız.

Ma'mleket ka'rxanaların menshiklestiriw ha'm monopoliyadan shıg'arıw. Bul mexanizmler bazarda ha'reket etiwshi ba'sekeshiler sanın

asırıw imkaniyatın beredi. A'melde sonı ko'rsetedi, menshiklestiriwdin' ba'seki ortalıg'ın qa'liplestiriwge ta'siri iri ka'rxanalardın' ba'sekige shıdamlı bo'limlerin erkin strukturalarıg'a ajıratıw arqalı olardı irilenip ketiwden qaytarıwdı na'zerde tutıwshı demonopolizatsiya protsessi menen tıg'ız baylanısta bolsa g'ana na'tiyje boladı.

Usı protsesslerdi jedellestiriw maqsetinde 2003 jıldın' aprel ayında respublika hu'kimeti ta'repinen ka'rxanalardı ma'mleket iyeliginen shıg'arıw ha'm menshiklestiriwdin' 2003-2004 jıllarg'a mo'lsherlengen da'stu'ri qabıl etildi, og'an eki jıl dawamında ma'mleket menshigindegi ka'rxanalardın' 77 % ti menshiklestiriliwi lazım. Usı da'stu'rdı a'melge asırıw na'tiyjesinde ka'rxanalardın' ustav kapitalında ma'mlekettin' qatnası keskin qısqaradı, olardın' investitsion aktivligi asadı, ba'seki sha'rayatların jaqsılanadı.

Bul ilajlar sonın' menen a'hmiyetli, menshiklestiriw hazirge shekem ko'plegen tarawlarda ba'seki ortalıg'ın jaratıwda a'hmiyetli o'zgerislerge alıp kelgeni joq. O'zgerisler dawamındag'ı aldın'g'ı taraw ministrlikleri ornına taraw xojalıq birlespeleri sho'lkemlestirildi. Bul xojalıq birlespelerine hu'kimet sonday ken' imkaniyatlar beredi, na'tiyjede olar ma'mleket ta'repinen ta'rtipke salıw funktsiyasına iye bolg'an «nızamshılıq» monopoliyalarg'a aylantırıldı. Bul sanaattın' derlik barlıq tarawlarına, turizm, ta'biiy monopoliya tarawlarına tiyisli bolıp, bul tarawlarda saqlanıp qalg'an tarawdı ta'rtipke salıwdın' ha'kimshilik usılları na'tiyjeli ba'seki ortalıg'ın jaratıw ushın qatan' tosıqqa aylandı. Na'tiyjeli ba'sekinin' payda bolıwi ha'mde bazarlarg'a jan'a qatnasıwshılardın' kirip keliwindegi tosıqlardı saplastırıw. Bul tosıqlar arqalı xojalıq subiektlerine tovar bazarına kiriwde ol jerde basqa ka'rxanalar menen ten'be ten' ra'wishte ba'sekilesiwge tosqınlıq etiwshi huquqıy, sho'lkemlestiriwshi, texnologiyalıq, ekonomikalıq, finanslıq korinistegi barlıq o'nimler tu'siniledi.

Tiykarg'ı itibardı barlıq da'rejedegi ma'mleket ha'kimiyatı organları xızmeti na'tiyjesinde payda bolıwshı tosıqlar (salıq jen'illikleri, subsidiya ha'm aktsiya, fizikalıq xojalıq ju'ritiwshi subiektlerge ma'mleket ja'rdemi; ka'rxanalar xojalıq xızmetin ta'rtipke salıwdın' ha'kimshilik usılların qollaw; standartlastırıw ha'm sertifikatlastırıw boyınsha qıyın normativler ha'm basqalar) dı saplastırıwg'a qaratıw lazım. Ma'selen, bu'gingi ku'nde ol yamasa bul o'nimdi islep shıg'arıwg'a sertifikat alıw printsipi bir neshe aylardı o'z ishine qamtıydı, tiyisli hu'jjetlerdi alıw ju'z mın'nan bir neshe million

swmg'a deyin (islep shıg'arılıp atırgan o'nimnin' assortimenti ha'm tu'rleri sanınan kelip shıqkan halda) tu'siniw mu'mkin.

## 4. Monopoliyag'a qarsı ta'rtipke salıwdın' obiektiv za'ru'rligi. Monopoliyag'a qarsı ta'rtipke salıwdın' huquqıy ha'm sho'lkemlestiriwshilik-ekonomikalıq ta'repleri

Monopoliyag'a qarsı basqarıwdın' obiektiv za'ru'rligi milliy ekonomikanın' jan'a modelin qaliplestiriw menen baylanıslı ha'm bunda Ha'reketler strategiyasının' qabıl etiliwi jan'a qa'dem bolıp tabıldı. Sebebi onın u'shinshi basqıshı bolg'an 2019-jılda orınlanatug'ın islerdin' o'zgeshelikleri 2018-jıl 28-dekabrdegi Prezident Mu'ra'a'jatnamasının' maqset ha'm wazıypalarında o'zinin' sa'wleleniwin taptı. Mu'ra'a'ja'tnamada «…. Bizin' maqsetimiz- o'tken bir jıllıq rawajlanıw jolımızdı qalıs ha'm sın ko'z qarastan bahalawdan ibarat. …. Ha'mmemizge belgili, reforma – bul jan'alanıw , o'zgeriw degeni. Reformalar unamlı na'tiyje beriwi ushın, en' da'slep, basshılarımız ha'm adamlarımız o'zgeriwi kerek. İnsan o'zgerse , ja'miyet o'zgeredi. Bul maqsetke erisiw ushın birinshi na'wbette, barlıq da'rejedegi basshılar ha'm xalıq deputatları, barlıq jetekshiler o'z iskerligin sı ko'z-qarastan, qatan' ta'rtip-intizam ha'm jeke juwapkershilik tiykarında sho'lkemlestiriwin bu'gin turmıstın' o'zi talap etpekte. Zamanago'y, aqılg'a muwapıq basqarıw mexanizmin engiziw- aldımızg'a qoyg'an wazıypalardı orınlawdın' tiykarg'ı sha'rti dep » ko'rsetken edi Prezidentimiz.

Monopoliyag'a qarsı gu'resiw xızmetin jan'a basqıshqa alıp shıg'ıwda Mu'ra'ja'a'tnamada bayan etilgen to'mendegi maqsetlerdin' a'melge asırılıwın ha'm inabatqa alınıwın talap etedi:

- ekonomikada ma'mleket u'lesin kemeytiw, jeke sektordı jedel rawajlandırıw arqalı, jan'a jumıs orınların ko'beytiw;
- ekonomikanı modernizatsiyalaw ha'm diversifikatsiyalaw, miynet o'nimdarlıg'ın arttırıw arqalı joqarı ekonomikalıq o'siwdi ta'miyinlew;
- «jasırın» ekonomikag'a qarsı gu'resiw, onın' ko'lemin keskin qısqartıw;
- valyutanı erkinlestiriw siyasatın izchillik penen dawam ettiriw, taraqlı monetar siyasatın a'melge asırıw;
- ekonomikanı rawajlanıdırıwg'a baylanıslı strategiyalıq wazıypalardı ju'zege shıg'arıwg'a uqıplı bolg'an qa'nigeli kadrlardı tayarlaw .

Monopoliyag'a qarsı basqarıwdın' sho'lkemlestiriwshilik-ekonomikalıq ta'replerin o'zlestiriwdin' negizin tovar ha'm finans bazarlarında ba'seki mexanizminin' turaqlı islewine tosqınlıq etetug'ın , shekleniwine alıp keletug'ın yamasa alıp keliwi mu'mkin bolg'an mulk qatnasıqların sa'wlelendiriwshi ha'reketler quraydı.

Monopoliyag'a qarsı basqarıwdın' sho'lkemlestiriwshilik-ekonomikalıq ta'repleri Ba'seki haqqındag'ı nızam hu'jjetlerinde o'z ko'rinisin tapqan. Ba'sekii haqqındag'ı nızamnın' maqseti tovar ha'm finans bazarlarındag'ı ba'seki tarawındag'ı qatnasıqlaprdı ta'rtipke salıwdan ibarat bolıp, to'mendegi tu'siniklerdin' anıqlamaları keltirilgen:

**Bir-birinin' ornın ornın basatug'ın tovarlar –** o'zinin' belgilengen wazıypası, qollanılıwı, sapa ha'm texnikalıq qa'siyetleri, bahası ha'm basqada parametrleri boyınsha salıstırılıwı mu'mkin bolg'an sonday bir tovarlar bolıp, olardı alıwshı tutınıw protsessinde bir tovardı basqasına haqıyqatındada almastıradı yamasa almastırıwg'a tayar boladı;

**İnsapsız-**ba'seki –xojalıq ju'rgiziwshi subiekttin' yamasa shaxslar toparının' ekonomikalıq xızmetin a'melge asırıwda abzallıqlarg'a iye bolıwg'a qaratılg'an, nızam hu'jjetlerine, jumıs qatnasıqları a'detlerine qayshı bolg'an ha'm basqa xojalıq ju'rgiziwshi subiektlerge ( ba'sekileslerge) zıyan jetkizetug'ın yamasa ziyan jetkeriwi mu'mkin bolg'an ya'ki olardın' is abrayına ziyan keltiretug'ın yamasa zıyan keltiriwi mu'mkin bolg'an ha'reketleri;

**Ekonomikalıq kontsentratsiya-**xojalıq ju'rgiziwshi subiekttin' yamasa shaxslar toparının' u'stinligine alıp keletug'ın, tovar yamasa finans bazarındag'ı ba'sekinin' halatına ta'sir ko'rsetug'ın pitimler du'ziw ya'ki basqa ha'reketlerdi a'melge asırıw;

**Ekonomikalıq xızmetti muwapıqlastırıw-**xojalıq ju'rgiziw subiektler hareketlerin bunday xojalıq ju'rgiziwshi subiektlerden biriwi menen ha'm bir shaxslar toparına kirmeytug'ın yuridikalıq yamasa fizikalıq shaxs penen kelisip alıw;

**Kemsitiwshi sha'rtler (sha'rayatlar**)-tovar yamasa finans bazarına kiriw, tovar islep shıg'arıw, tutınıw, alıw,realizatsiya qılıw, o'zgeshe ta'rizde basqa shaxsqa o'tkeriw sha'rtleri (sha'rayatları) bolıp, olar basqa ten' sha'rtlerde (sha'rayatlarda) bir yamasa bir neshe xojalıq ju'rgiziwshi subiektti o'zge xojalıq ju'rgiziwshi subiekt (ba'sekiles) penen salıstırg'anda ten' bolmag'an jag'dayg'a salıp qoyadı;

**Kelisip alıng'an ha'reketler –** tovar yamasa finans bazarında eki yamasa onnan artıq xojalıq ju'rgiziwshi subiekttin' bazardın' bul qatnasıwshılarınan ha'r birinin' ma'plerin qanatlandıratıg'ın ha'm olardan ha'r birine aldınnan belgili bolg'an , ba'sekini sheklewge alıp keletug'ın yamasa alıp keliwi mu'mkin bolg'an ha'reketleri;

**Kelisim-**eki yamasa onnan artıq ta'replerdin' ba'sekini sheklewge alıp keletug'ın ya'ki alıp keliwi mu'mkin bolg'an, hu'jjetde yamasa birneshe hu'jjetde sa'wlelengen jazba tu'rdegi sha'rtlesiwi, sonday-aq, awızsha formadag'ı sha'rtlesiwi;

**Finans bazarı-**bankler ha'm basqa kredit, qamsızlandırıw ha'm o'zge finans sho'lkemleri ko'rsetiletug'ın finanslıq xızmettin', sonday-aq qımbatlı qag'azlar bazarı professional qatnasıwshıları xızmetlerinin' O'zbekstan Respublikası aymag'ındag'ı ya'ki onın' bir bo'legindegi qatnas shen'beri bolıp, ol O'zbekstan Respublikasının' ha'kimshilik aymaqlıq bo'liniwine sa'ykes kelmewi mu'mkin ha'm bul qatnas shen'beri shegaralarında bunday xızmetti ko'rsetiw imkaniyatı bar boladı;

**Nadurıs salıstırıw-** ba'sekilesler yamasa basqa shaxslar ta'repinen tarqatılatug'ın , tovar yamasa finans bazarında ayrım xojalıq ju'rgiziwshi subiektke abzallıqlar jaratug'ın yamasa xojalıq ju'rgiziwshi subiektti (ba'sekilesti) ya'ki ba'sekiles islep shıg'arg'an tovardı jamanlap ko'rsetiwshi jalg'an, anıq emes ya'ki burmalap salıstırıw;

**Ba'seki-**xojalıq ju'rgiziwshi subiektlerdin' (ba'sekileslerdin') jarısı bolıp, bunda olardın' erkin ha'reketleri olardan ha'r birinin' tovar yamasa finans bazarındag'ı tovar aylanısının' ulıwmalıq sha'rt sha'rayatlarına bir ta'repleme ta'rtipte ta'sir ko'rsetiw imkaniyatın biykarlaydı yamasa shekleydi;

**Ba'sekige qarsı ha'reketler-**ba'seki haqqındag'ı nızam hu'jjetlerinde xojalıq ju'rgiziwshi subiektler ushın qadag'an etilgen ha'reketler, sonday-aq, ma'mleket basqarıw organları, jergilikli ma'mleket ha'kimiyatı organları ha'm olardın' lawazımlı shaxslarının' ba'sekini sheklewge qaratılg'an ha'reketleri (ha'reketsizligi);

**Tovar –**xızmettin' alıw ha'm realizatsiya etiw mo'lsherlengen o'nimi, sonın' ishinde jumıslar ha'm xızmetler;

**Tovar bazarı-**tovardın (sonın' ishinde orınbasar tovardın') O'zbekstan Respublikası aymag'ındag'ı yamasa onın' bir bo'legindegi aylanıs shen'beri bolıp, ol O'zbekstan Respublikasının' ha'kimshilik-aymaqlıq bo'liniwine sa'ykes kelmewi mu'mkin ha'm bul aylanıs

shen'beri shegaralarında tovardı alıw yamasa realizatsiya etiw imkaniyatı bar boladı;

**Xojalıq ju'rgiziwshi subiekt**-tovarlardı islep shıg'arıw, alıw ha'm realizatsiya xızmeti menen shugıllanıwshı yuridikalıq shaxs, sonın' ishinde shet ellik yuridikalıq shaxs, xojalıq basqarıw organı, sonday-aq jeke ta'rtiptegi isbilermen.

Sho'lkemlestiriwshilik - ekonomikalıq qatnasıqlar sho'lkemlestiriwshilik huquqıy qatnasıqlarda o'z ko'rinisin tabadı. Milliy xojalıg'ımızdag'ı tiykarg'ı sho'lkemlestiriwshilik strukturalar quramında to'mendegiler xızmet ko'rsetedi:

1. Aktsionerlik ja'miyetler
2. Juwapkershiligi sheklengen ha'm qosımsha juwapkershilikler ja'miyetler
3. Jeke ka'rxanalar
4. Jeke ta'rtiptegi isbilermenler
5. Kishi ka'rxanalar
6. Shet el investitsiyaları qatnasındag'ı ka'rxanalar
7. Shan'araq isbilermenligi

5. İnsan kapitalı rawajlanıwının' teoriyalıq tiykarları.

İnsan kapitalı kontseptsiyası XVII a'sirde payda bolg'an dep esaplanadı. Onı birinshilerden bolıp 1676 jılda Uilyam Petti urısta qurallardı jog'altıwdı insan o'mirin jog'altıw menen salıstırıw tiykarında qollandı. U.Petti baylıq ha'm onın' derekleri quramına jer ha'm ol keltiretug'ın renta, kapital ha'm onnan alınatug'ın payda ( payız) benen bir qatarda adamlar miyneti, qa'niygeligi ha'm den sawlıg'ı menen baylanıslı turde, ol yamasa bul turdegi da'ramat keltiriwdi ko'rsetken. Alımnın' pikirine ko're, insan kapitalının' mug'darı xızmetkerdin' putkil o'miri dawamındag'ı is haqısının' kapitallasıwı menen bahalanadı. (21)

Ja'ne bir a'sir o'tkennen keyin Adam Smit ha'm klassik ekonomikalıq teoriyasının' basqa wa'killeri de insan kapitalı kontseptsiyasın moyınladı. Adam Smit 1776 jılda o'zinin' «Xalıqlar baylıg'ının' ta'biyatı ha'm sebepleri haqqında izertlewler» atamasındag'ı miynetinde xalıqlardın' baylıg'ı t iykarınan islewshiler sanı ha'm olardın' ko'nlikpelerinin' sapası menen belgileniwin ko'rsetken.

Bunnan ja'ne juz jıl o'tkennen son' Alfred Marshall da insan kapitalına uzaq muddetli investitsiyalar na'tiyjesi ha'm bul protsesstegi insan rolin analiz etti. Haqıyqatında da dunyanın' rawajlang'an elleri ekonomikasının' o'siwi haqqındag'ı statistikalıq mag'lıwmatlar

o’siwdin’ klassik faktorlarına tiykarlang’an esap-sanaqlardag’ı ko’rsetkishlerden a’dewir joqarı ekenligin ko’rsetti. Ekonomikanın’ rawajlanıw ha’m o’siw protsesslerin analiz etiw insan kapitalının’ zamanago’y ekonomika ha’m ja’miyetti rawajlandıratug’ın tiykarg’ı o’ndirislik ha’m sotsiallıq faktorg’a aylang’anınan derek beredi.
Ma’mleketlik siyasat sotsiallıq tarawdın’da tiykarg’ı bag’darların, atap aytqanda, miynetke xoshemetlewshi faktorları, miynetke haqı to’lewdi basqarıw sisteması, miynet na’tiyjeliligin arttırıw ha’m basqalardı belgileydi. Sol sebepli miynet ekonomikası ma’selelerin, onın’ teoriyalıq ta’replerin analiz etiw za’rurligi payda boladı. Ol o’tiw da’wiri ekonomikası o’zgesheliklerin esapqa alg’an halda miynettin’ o’ndiristi ken’eytiw taypası sapaındag’ı ma’nisin tusindirip beriwshi ma’selelerdi sa’wlelendiriwi lazım. Pikirimizshe, bul- insan kapitalın ta’kirar o’ndiriw teoriyası, yag’nıy mazmunı boyınsha ekonomikalıq ha’m o’zinin’ formasına ko’re sotsiallıq teoriya esaplanadı.
İnsan kapitalın qayta o’ndiriwdin’ zamanago’y kontseptsiyaları erkin ba’seki mexanizmin ideallastırıwdı izertlew ha’m belgili ma’niste A.Marshalldın’ xojalıq ju’rgiziwshi subiektlerdi subiektiv bahalawdan, yag’nıy mikroekonomikalıq da’rejedegi izertlewlerden kelip shıg’atug’ın tan’law erkinligi kontseptsiyasına tiykarlanadı. (1) Bul kritikadan siyasiy ekonomikada jan’a bag’dar payda boldı ha’m «neoklassik» atın aldı. Onın’ en’ ko’zge ko’ringen wa’killeri – M.Fridmen ( « Kapitalizm i svoboda», (1962), «Svoboda imbora», 1979) ha’m basqalar. J.Mut, R.Lukas, T.Sarjent ha’m N.Uoldes bir putin mikroekonomika tiykarın makroekonomikalıq mashqalalar analizine keltiriwge, yag’nıy «sintez» teoriyasın jaratıwg’a ha’reket qıldı. Bul teoriyanın’ oraylıq buwını mag’lıwmattan aqılg’a muwapıq paydalanıw esabınan o’zgerip turıwshı bazar sha’rayatlarına tez iykemlese alatug’ın bazar agentleri esaplanadı. Bunı Bu’gingi kunde isbilermenlik depte ataydı. Eger ha’r bir isbilermen bazar o’zgerislerine iykemlese alsa, onda mikroda’rejede ma’mleket ta’repinen basqarılıw za’rurligi keskin kemeyedi ha’m usılayınsha tan’law erkinligi ta’miyinlenedi. Bul teoriyanın’ a’zzi ta’repi sonnan ibarat, ol bazar agentleri qa’biletlerinin’ ha’m ratsional mag’lıwmattan paydalanıw imka’niyatlarının’ birdey emesligin esapqa almaydı.
Usı muna’sibet penen instituttsional- sotsiologiyalıq bag’dar payda bolıp, erkin bag’dar sapaında jedel rawajlanbaqta. J.R.Kommons, U.K.Mitchel, J.K.Gilbreyt miynetlerinde «institutlar» tu’sinigine korporatsiyalar, ka’siplik awqamları, ma’mleket ha’m sonday-aq

ekonomikalıq teoriya ha'm onın' predmeti shegeraların keskin asırıwshı psixologiyalıq, huqıqıy, a'dep-ikramlılıq, texnikalıq ha'm basqa da ha'diyseler kiritilgen. Bul bag'dar XX a'sir aqırında «postindustrial», «informatsiyalıq», « servis» ja'miyetlik teoriyaları ta'sirinde, turli sotsial-ekonomikalıq sistemalardın' konvergentsiyası tiykarında g'alabalasadı.

İnstituttsionistlerdin' pikirinshe, izertlewdin' bas obiekti ha'r ta'repleme ka'mil insan bolıwı kerek.

Onı tu'siniw, ja'miyet rawajlanıwı tendentsiyasın bahalaw tek ken' qamırawlı ilim-pa'n boyınsha izertlew tiykarında a'melge asırılıwı mu'mkin, bunday analiz (ekonomikadan tısqarı) sotsial psixologiya, sotsiologiya, huqıq, siyasat-tanıw ha'm basqa da ja'miyetlik pa'nlerdi o'z ishine alıwı lazım. XX a'sirdin' 60-jılları ortasında G.Bekker insan minez-qulqına ekonomikalıq ko'z qarastan qatnas jasag'an halda « insan kapitalı» teoriyası apparatın jarattı. Ekonomikalıq qatnas degende individlerdin' aqılg'a muwapıq, en' qolaylı is-ha'reketi printsipi na'zerde tutıladı. Bunday qatnas negizinde aqılg'a muwapıq umitler gipotezası turadı, og'an ko're insan qarar qabıl etiwde ekonomikalıq ma'qsetke muwapıqlıq printsipinen kelip shıg'adı, yag'nıy en' ko'p payda ha'm ma'p keltiretug'ın qararlardı qabıl etedi. G.Bekker pikirine ko're, «insan kapitalı» - bul tuwma qa'biletler ha'm arttırılg'an bilimler, ko'nlikpeler ha'm tiykarlar jıyındısı bolıp, olardan ma'qsetli paydalanıw da'ramattın' artıwına alıp keledi (individ, ka'rxana yamasa ja'miyet da'rejesinde).

## 6. Milliy ekonomikanın' ba'sekige shıdamlılıg'ın arttırıwda insan rawajlanıwı kontseptsiyasının roli.

Ja'miyettin' rawajlanıw strategiyası – bul bas ma'qset ha'm ustinliklerdi ja'ne siyasiy reformalr, ekonomikalıq ha'm sotsial da'sturlerdi a'melge asırıwdın' izbe-izligi, uzliksizligi esaplanadı. Anıq sa'wlelengen strategiyasız turaqlı ja'miyetlik rawajlanıw, muwapıqlastırıw, resurslar ha'm kushlerdin' optimal bo'listiriliwine erisiw mu'mkin emes. Bul ma'qset tolıq formada BMT ta'repinen ilgeri surilgen İnsan rawajlanıwı kontseptsiyası (İRK) menen uyg'ınlasqan.

İRKnı an'lap jetiw protsessinde payda bolatug'ın birinshi soraw ta'biiy tu'rde «İnsan rawajlanıwı» degende neni tu'sinemiz? degen

soraw boladı. BMTnın’ Rawajlanıw da’stu’ri (BMTTD) ta’repinen tayarlang’an 2010-jıldag’ı İnsan rawajlanıwı haqqındag’ı bayanatta to’mendegishe ta’rip beriledi:

«İnsan rawajlanıwı o’z ma’nisine ko’re insan erkinlikleri qatarına adamlardın’ uzaq, salamat ha’m do’retiwshilik turmısqa bolg’an huqıqların ja’nede olardın’ pikiri boyınsha qa’dirlewge arzıytug’ın maqsetlerge erisiw; bizin’ planetamızda a’dalat ha’m rawajlanıwdın’ turaqlılıg’ın ta’miynlewde belsendi qatnasıwdı kiritiwden ibarat. İnsanlar – jeke tu’rdeme yamasa toparlıq tu’rdeme – bir waqıtta insan rawajlanıwının’ ha’m sog’an say maqsetinin’ ha’reketlentiriwshi ku’shi esaplanadı» (22).

Bul ta’riypti tu’sinip jetiw to’mendegi juwmaqtı shıg’arıwg’a imka’niyat beredi:

insan rawajlanıwı – kompleks xarakterge iye bolıp, o’z ishine insannın’ ha’m materiallıq ha’m ruwxıy mu’ta’jliklerin qanaatlandırıwdı, onın’ den sawlıqqa, bilim alıwg’a, o’zin ko’rsetiw erkinligine, bu’gingi ha’m keleshek a’wladlar qa’wipsizligine bolg’an huqıqların ta’miynlewdi qamtıp aladı.

İnsan rawajlanıw kontseptsiyası qashan ha’m qay ta’rizde ju’zege kelgen? Uzaq waqıt dawamında du’nyada ekonomikalıq rawajlanıw kontseptsiyası jeke u’stemlik etip kelgen, qısqasha etip aytqanda, usı kontseptsiyanın’ mazmunı ju’da’ a’piwayı ha’m tu’sinikli: ekonomika ha’m miynet na’tiyjeliliginin’ o’siw pa’ti joqarı bolg’an, jalpı ishki o’nim (JİO’) ha’m xalıqtın’ jan basına tuwrı keletug’ın da’ramatı joqarı bolg’an ma’mleket pa’rawan esaplanadı. Tu’rli siyasiy, ekonomikalıq sistemalarg’a iye ma’mleketler a’yne ekonomikalıq rawajlanıw pa’tlerine ko’re o’z-ara ba’sekilesetug’ın edi. Bul kontseptsiya a’piwayı ha’m tu’sinikli bolg’anı ushın elege shekem adamlar sanasına o’z ta’sirin o’tkerip kelmekte.

Biraq, XXI a’sir qarsan’ında ekonomikalıq o’siwdin’ o’zi tiykarg’ı maqset emesligi belgili bolıp qaldı. Ja’miyettin’ da’ramatları tek g’ana qural esaplanadı: olar kem ta’miynlengen xalıq qatlamların sotsiallıq qollap-quwatlaw da’stu’rlerine , qurallanıwg’a , ta’limdi rawajlandırıwg’a , da’bdebeli, biraq xalıq abadanshılıg’ına ta’sir ko’rsetpeytug’ın joybarlardı a’melge asırıwg’a da sarıplanıwı mu’mkin. Sol sebepli tu’rli ma’mleketlerdegi turmıs da’rejesi ha’mme waqıtta da ortasha da’ramat da’rejesine sa’ykes kelebermeydi.

Bunnan tısqarı, JİO’ tegis emes bo’listiriliwi mu’mkin. Demek, hu’kimetlerdin’ sotsiallıq siyasatı aktiv, ku’shli yamasa ha’lsiz,

biyparwa bolıwı mu'mkin. JİO' da'rejesi ja'ne o'siw pa'ti rawajlanıw ha'm tabıstın' tiykarg'ı kriteriyası bola almaydı. Bul haqıyqattı an'law jan'a qatnas jasawdı – İnsan rawajlanıw kontseptsiyasın qa'liplestiriw imka'niyatın berdi.

Usı kontseptsiyanın' ju'zege keliwine hind ekonomisti, 1998-jılı Nobel sıylıg'ı laureatı Amartya Kumar Sennin' ilimiy miynetleri ha'm Pakistanlıq tanıqlı ekonomist Maxbub ul-Haqtın' xızmeti u'lken u'les bolıp qosıldı. Maxbub ul-Haq BMTTD ta'repinen 1990-jılda tayarlang'an birinshi «İnsan rawajlınıwı haqqında»g'ı bayanattın' baslamashısı ha'm avtorlarınan biri boldı. Sonnan berli usı baspa ha'r jılı baspadan shıg'arıladı (23).

Sonday-aq, du'nyanın' derlik barlıq elleri ha'r jılı İRKg'a tiykarlang'an o'zinin' Milliy bayanatların tayarlaydı.

1995 jıldan beri O'zbekistanda İnsan rawajlanıwı haqqında tog'ız bayanat dag'azalang'an bolıp, olar sotsiallıq siyasat, ekonomikalıq o'siw, reformalardı a'melge asırıwda ma'mlekettin' roli, kishi ha'm orta biznesti rawajlandırıw, ma'mleket basqarıwın oraylastırıwdı sheklew, den sawlıqtı saqlaw, ta'lim sistemasına bag'ıshlang'an.(24)

İnsan rawajlanıwı haqqındag'ı bayanat tek g'ana qızıqlı statistikalıq mag'lıwmatlardı qamtıp alg'an g'alabalıq material emes. Bul en' da'slep, insan rawajlanıwı boyınsha ma'mlekettin' strategiyasının' a'melge asırılıw protsessin sa'wlelendiredi, siyasat bag'darların ha'm keleshek ha'reket da'sturlerin belgilep beredi.(25)

1. Usı baspalar menen rus tilinde www.undp.org saytı arqalı tanısıw mu'mkin. 2. Measuring human development. New York. 2007. – P.2

3 Bul hujjetler menen o'zbek ha'm rus tillerinde www.undp.uz. veb-saytı arqalı tanısıwg'a boladı. 4. İnsan rawajlanıwı boyınsha BMTTD bayanatları menen VII bapta tolıq tanısıw mu'mkin.

Solay etip, jigirma jıldan kem muddette İnsan rawajlanıw kontseptsiyası sotsiallıq protsesstin' g'alaba ta'n alıng'an paradigmasına aylandı. Basqasha aytqanda, ol tek g'ana teoriyalıq qurılma emes, al, ja'miyet rawajlanıwının' kompleks modeli esaplanadı. İnsan rawajlanıwı ko'z qarasınan jetiskenlikler Bu'gin barlıq orınlarda ma'mleket pa'rawanlıg'ı ha'm ol tan'lag'an joldın' tuwrı ekenligin tastıyıqlawshı bas kriteriya retinde ta'n alınadı. 2000 jıldın' sentyabr ayında BMSh nin' Mın' jıllıq Sammiti bolıp o'tti ha'm onda BMSh nin' Mın' jıllıq Deklaratsiyası, yag'nıy xalıq aralıq ja'miyetshiliktin' insan rawajlanıwı ha'm insan qa'wipsizligin ta'miyinlew boyınsha ha'reket da'sturi bir

awızdan qabıl etildi. Bul hujjetke muwapıq Mın’ jıllıq rawajlanıw ma’qsetleri, yag’nıy 192 ma’mleket ha’m 23 xalıq aralıq sho’lkemler ta’repinen 2015 jılg’a kelip kambag’allıqtı saplastırıw, adamlardın’ bilim da’rejesin ko’teriw, qorshag’an ortalıqtı qorg’aw, insan huqıq ha’m erkinliklerin ta’miyinlew, keselliklerge qarsı guresiw, tınıshlıq ha’m qa’wipsizlikti ta’miyinlew boyınsha erisiw kerek bolg’an wazıypalarg’a baylanıslı minnetler belgilendi. MRM erisiw menen baylanıslı bolg’an jag’daylar - 8 ma’qset, 21 wazıypa ha’m 60 ko’rsetkishlerge tiykarlang’an halda bahalanadı. (1-suwret)




1-suwret. Global Mın’ jıllıq rawajlanıw ma’qsetleri.

MRM ko’pshilik jag’daylarda insan rawajlanıw kontseptsiyasının’ tiykarg’ı kag’ıydaları menen sa’ykes keledi ha’m ulıwmalıq qa’diryatlarg’a iye. İnsan rawajlanıwı adamlar ma’plerin onın’ turmıslıq xızmetin qa’dir-qımbat ha’m erkinliklerine a’mel qılg’an halda juzege shıg’arıwda tan’law huqıqın ken’eytiw ma’qsetinde sa’wlelendiredi. Bir waqıttın’ o’zinde MRM insan rawajlanıwının’ barlıq tiykarg’ı bag’darların qamtıp almaydı. (2-suwret)

| Maqset | Milliy wazıypalar |
|---|---|
| **1. Gender ten'ligin xoshametlew ha'm xayal-qızlarg'a wa'killik beriw** | Baslang'ısh, ulıwma, orta arnawlı ha'm ka'sip-o'ner ta'lim sistemasında gender ten'ligine erisiw<br>Joqarg'ı ta'lim sistemasında gender balansın jaqsılaw |
| **2. Balalar o'limin ja'nede kemeytiw** | Balalar o'limin u'shten ekige kemeytiw |
| **3. Analar salamatlıg'ın ja'nede jaqsılaw** | Analar o'limin u'shten birge kemeytiw |
| **5. OİTS\OİV (SPİD), bezgek ha'm basqada keselliklerge qarsı gu'resiw** | OİTS\OİV (SPİD) OİTS\OİV kesellikleri tarqalıwın kemeytiw Tuberkulëzdin' tarqalıwın kemeytiw |
| **6. Ekologiyalıq turaqlılıqtı ta'miynlew** | Turaqlı rawajlanıw printsiplerin ma'mleket siyasatı tiykarına ha'm ma'mlekette qabıl etilgen da'stu'rlerine kiritiw ha'mde nabıt bolg'an do'gerek a'tiraptın' zapasların tiklew<br>Jaqsılang'an suw dereklerinen ha'm sanitariya xızmetlerinen paydalanatug'ın qala ha'm awıl xalqının' u'lesin ko'beytiw |
| **7. Rawajlanıw maqsetlerinde global birge islesiwdi ku'sheytiw** | Da'slepki ha'm ag'ımdag'ı ma'seleler<br>Aymaqta tınıshlıq ha'm turaqlılıqtı ta'miynlew, sawdanı, sonın' ishinde, aymaqlıq ha'm |

| Maqset | Milliy wazıypalar |
|---|---|
| | shegeralar ara sawda ha’m transport baylanısların ken’eytiw, tuwrıdan-tuwrı shet el investitsiyaların tartıw ja’ne suw ha’m energetika rezervlerinen paydalanıwdı aqılg’a muwapıq jolg’a qoyıw boyınsha is-ila’jlardı birlestiriw jolı menen aymaqtag’ı qon’sı ma’mleketler ha’m basqa ma’mleketler menen birge islesiwdi ta’miynlew |

2-suwret. O’zbekistanda Milliy Mın’ jıllıq rawajlanıw ma’qsetleri ha’m milliy wazıypalar.

O’zbekistandag’ı insan rawajlanıwına bolg’an baslı itibar, ma’mleket rawajlanıwının’ jan’a sapaı ha’m xalıqtın’ abadanshılıg’ı tupten artqanlıg’ınan derek beriwshi anıq mag’lıwmatlar arqalı ko’rsetiledi. Atap aytqanda , analar o’limi da’rejesi eki eseden ko’birek, balalar o’limi bolsa ush ese kemeydi. 20 jıl ishinde ortasha o’mir ko’riw 67 jastan 73 jasqa, hayallar jası bolsa 75 jasqa jetti.(26)

Sonın’ menen birge, barlıq da’rejedegi ma’mleketlik ha’kimiyat organlarının’ insan rawajlanıwı boyınsha belgilengen shoqqılarg’a so’zsiz erisiwin ta’miyinlew boyınsha xızmetin ja’nede jedellestiriwge qaratılg’an jumıslar dawam ettirilmekte. 2011 jıldın’ yanvar ayında O’zbekistan Respublikası Ministrler Kabineti «BMSh Mın’ jıllıq ma’selelerin O’zbekistanda a’melge asırıw boyınsha qosımsha ilajlar haqqında» arnawlı qarar qabıl qıldı. Onda O’zbekistanda Mın’ jıllıq rawajlanıw ma’qsetlerine muwapıq xalıqtın’ turmıs da’rejesi ha’m sapasın izbe-iz arttırıw ushın za’rur bolg’an qosımsha ilajlardı a’melge asırıw ma’qsetinde ministrlikler, mekemeler, ha’kimiyattın’ oraylıq ha’m ma’ha’lliy organlarının’ ma’mlekette insan potentsialının’ uzliksiz rawajlanıwın ta’miyinlewge qaratılg’an kompleks ha’reket da’sturi belgilengen.(27)

İRK ne ko’re ja’miyet rawajlanıwı orayında tek g’ana a’piwayı ekonomikalıq ko’rsetkishler emes, al en’ da’slep insan turıwı kerek.

Rawajlanıwdın' aqırg'ı ma'qseti ha'm onın' na'tiyjesinin' bas kriteriyası – adamlardın' imkaniyatların ken'eytiw, olardın' ta'biiy, ja'miyette ulıwma turde qabıl etilgen qa'diryatlarg'a sa'ykes keletug'ın ruwxıy ha'm materiallıq muta'jliklerin sapalıraq qanaatlandırıw, ja'nede joqarılaw turmıs da'rejesine erisiw esaplanadı.
6. Ba'sekinin' turli ko'rinisleri sha'rayatında ba'sekige shıdamlılıqtı arttırıwda baha faktorınan paydalanıw.

**7.Ba'sekinin' turli ko'rinisleri sha'rayatında ba'sekige shıdamlılıqtı arttırıwda baha faktorınan paydalanıw**

Globallasıw ekonomikanın' rawajlanıwı ushın ha'm unamlı, ha'm unamsız a'hmiyetke iye. Eger ma'mlekette ba'sekige shıdamlı o'nim islep shıg'arıw ushın sha'rayatlar bar bolsa, bul jag'dayda ma'mleket ushın globallasıw protsessi paydalı esaplanadı. Eger jergilikli ka'rxanalar qosımsha (usteme) qunnın' joqarı ulesine iye joqarı texnologiyalı o'nimler islep shıg'arsa, jag'day unamlı ta'sir ko'rsetedi. Bunda islewshilerdin' ba'ntligi artadı, byudjet da'ramatı ko'beyedi, shiyki zattan aqılg'a muwapıq paydalanıladı.Eger ekonomikada uzaq waqıt dawamında o'ndiristin' shiyki zatqa bag'darlang'anlıg'ı saplastırılmasa, demek, ekonomikanı ta'rtipke salıw mexanizmleri kem na'tiyjeli esaplanadı. Bunday jag'dayda ma'mleket sheklengen resurslardı a'piwayı ta'rizde sarıplap, keleshek rawajlanıw haqqınd qayg'ırmaydı. İslep shıg'arılatug'ın tovarlar sapasın arttırıw – ja'miyettin' en' a'hmiyetli wazıypası sanaladı. O'nim sapasın arttırıw ko'plegen faktorlarg'a baylanıslı. Birinshiden, joqarı sapalı o'nim tayarlaw ushın joqarı qa'niygeli jumıs kushi za'rur boladı. Ekinshiden, ka'rxana jaqsı, zamanago'y texnologiyalarg'a iye bolıwı kerek. Ushinshiden, ba'sekiles tovarlardın' belgili mug'darınaiye sawda bazarlarına kirip barıw ushın jeterli da'rejede ta'jiriybege iye bolıw lazım.

Bahanın' qa'liplesiwine bazardın' jag'dayı tikkeley ta'sir ko'rsetedi, sebebi bahanın' qa'liplesiwinde bazardag'ı talap ha'm usınıs qatnası tiykarg'ı faktorlardan biri esaplanadı. Usıg'an muwapıq, talap ha'm usınıs mug'darına ta'sir ko'rsete alıw imka'niyatına ko're bazardag'ı ba'sekinin' turli ko'rinisleri parıqlanadı. Jetilisken ba'seki sha'rayatında o'ndiriwshi (yamasa satıwshı) ha'mde tutınıwshı (yamasa qarıydar) lardın' sanı juda' ko'p bolıp, olardın' o'ndiris ko'lemin o'zgertiw arqalı bahanın' qa'liplesiwine ta'siri ulıwma sezilmeydi. Jetilispegen ba'seki sha'rayatında bolsa o'ndiriwshiler (satıwshılar) yamasa tutınıwshılar (qarıydarlar) dan birinin' sanı sheklengen bolıwı olardın' bazardag'ı

o'ndiris ko'lemine ha'm aqırında, bazardag'ı bahanın' qa'liplesiwine jasalma ta'sir ko'rsetiw imka'niyatın beredi. Bunday ba'seki turli da'rejelerdegi bahalardın' qa'liplesiw o'zgeshelikleri bir-birinen parıq qıladı.

Sol sebepli, biz to'mnede jetilisken ba'seki , taza monopoliya, oligopoliya ha'm monopsoniya sha'rayatında bahalardın' qa'liplesiw o'zgesheliklerin ko'rip shıg'amız. Jetilisken ba'seki sha'rayatında bahanın' qa'liplesiwi. Erkin ba'seki guresi jag'dayında bahanın' qa'liplesiw o'zgesheliklerin izertlegen da'slepki ekonomistlerden biri A.Marshall esaplanadı. Onın' pikirinshe, tovardı alıw-satıw protsessine shekem eki turli, yag'nıy satıwshı ha'm qarıydar bahaları boladı. Teoriyalıq jaqtan ha'r eki bahanın' joqarı ha'm to'mengi da'rejeleri bar. Satıwshı o'z tovarı bahasının' imka'niyatı bolg'ansha joqarı bolıwın qa'leydi, sebebi bunday baha onın' paydası ko'lemin ko'beytedi. Biraq erkin ba'seki sha'rayatında bahanı basqalardan joqarı da'rejede belgilewge umtılıw bul satıwshının' bazardan qısıp shıg'arılıwına alıp keliwi mu'mkin. Satıwshı bahasının' en' to'men da'rejesi usı tovardı o'ndiriw ushın ketken qa'rejetlerdi qaplawı kerek. Qarıydar tovardı en' to'men bahada satıp alıwdı qa'leydi. Biraq erkin ba'seki sha'rayatında onın' da tovardı satıp ala almay qalıw qa'wpi boladı. Qarıydar bahasının' en' joqarı da'a'rejesi Marshall pikirinshe, son'g'ı qosılg'an mug'dar paydalılıg'ına ten' bolıwı kerek.

Satıwshı ha'm qarıydar ortasındag'ı qolaylı bahag'a erisiw boyınsha gures ha'r eki bahanın' sa'ykesligi ta'miyinlengenge shekem, yag'nıy bazar bahası payda bolg'ang'a shekem dawam etedi. Solay etip. Satıwshının' bahası ta'repinen o'ndiris shıg'ınları, qarıydar bahası ta'repinen bolsa son'g'ı qosılg'an mug'dar paydalılıg'ı juzege shıg'ıp, olardın' o'z-ara qatnası tiykarında bazar bahası qa'liplesedi. Bul jag'daydı Marshall «… «o'ndiris shıg'ınları» printsipi ha'm «son'g'ı qosılg'an paydalılıq» printsipi, so'zsiz, birdey talap ha'm usınıstın' ulıwmalıq nızamının' quramlıq bo'legi esaplanıp, olardan ha'r birin qayshının' bir kesiwshi ta'repine usatıw mu'mkin» dep ko'rsetedi. (31)

Monopoliya jag'dayında bahanın' qa'liplesiwi. Monopoliya jag'dayında baha qa'liplesiwinin' o'zine ta'n ta'repi sonnan ibarat, eger mayda tovar islep shıg'arıwshılar tek o'zlerinin' individual bahaların o'zgerte alsa, olardan parıqlı turde bazar qatnasıwshıları sapaındag'ı monopoliyalar bazar bahaların o'zleri belgiley aladı. Bunda monopoliyalar ulıwmalıq talaptın' artıwı menen bahanın' artıwı ha'm

ulıwmalıq usınıstın’ artıwı menen bahanın’ to’menlep barıwınan o’zine ta’n turde paydalanadı.

Jalpı turde tovarlardı satıwshı monopoliyalar o’z ma’pleri jolında usınıs kem bolg’anda bahanın’ ko’teriliwi tendentsiyasınan paydalanadı.

Jalpı usınıs boyınsha bahanın’ o’zgeriwi.

Monopolistler o’nimlerdin’ jasalma jetispewshiligin juzege keltiriw ma’qsetinde o’z tovarların satıw ko’lemin arnayı qısqartadı. Bazarda tovarlardın’ jetispewshiligi monopol joqarı bahalardın’ o’siwine alıp keledi.

Monopoliyalar bahanı arttırıwdın’ ha’r bir jan’a protsessinde toarlardı islep shıg’arıw ha’m satıw ko’lemin qısqartıwdan ko’rilgen zıyandı esapqa aladı. Da’ramattan bunday jog’altıwlardın’ aldın alıw ma’qsetinde olar jan’a bahalardı ja’nede joqarı da’rejede belgileydi.

Sonın’ menen bir waqıtta monopoliyalar o’nimlerdin’ qısqarg’an ko’lemin satıwdan alıng’an tusim jol qoyılg’an jog’altıwdı qaplawı ja’ne da’ramat mug’darının’ o’siwin ta’miyinlewdi qadag’alap turadı.

Monopsoniya sha’rayatında bahanın’ qa’liplesiwi. Monopsoniya mayda tovar o’ndiriwshilerden tovarlardın’ u’lken bo’legin satıp alıp, talap boyınsha baha nızamınan o’zine ta’n ta’rizde paydalanadı. Jalpı talap boyınsha bahanın’ o’zgeriwi to’mendegi mug’darlıq baylanıslılıqtı sa’wlelendiredi: usınısqa salıstırg’anda qarıydarlardın’ jalpı talabı qansha joqarı bolsa, bazar bahası da’rejesi sonsha joqarı boladı ha’m kerisinshe, talaptın’ to’menlewi menen bazar bahası to’menlep baradı. Bul baylanıslılıq 9.5- sızılmada anıg’ıraq ko’rsetilgen.

Monopolist o’zi ushın za’rur bolg’an tovardı, mısalı awıl xojalıq shiyki zatın aldın ala to’men bahalarda satıp alıp, onın’ ko’p mug’dardag’ı awısıq mug’darın tayarlap qoyadı. Bul og’an jan’a hasıldın’ jıyın-terimi da’wirinde o’zi satıp alıp atırg’an shiyki zatqa monopol to’men bahalardı ornatıw imka’niyatın beredi. Bunday to’men bahalarda monopsonist juda’ ko’p mug’dardag’ı paydanı aladı. Jasalma turde satılıp atırg’an o’nim artıqshalıg’ı aymag’ının’ juzege keltiriliwi satıw bahalarının’ keyingi pa’seyiwine alıp kelip, na’tiyjede monopsonisttin’ paydası artıp baradı. Bug’an Batıs elleri monopsoniyaları ta’repinen a’dewir waqıttan beri Aziya, ha’m Latın Amerikası ma’mleketleri isbilermenleri ha’m mayda tovar islep shıg’arıwshılarınan satıp alınıp atırg’an arzan shiyki zattı mısal etip keltiriw mu’mkin. Afrikadan da’sturiy turde eksport etiliwshi bir qatar tovarlar ( chay, kofe, kakao ha’m.t.b.) g’a da a’zelden juda’ to’men bahalar ornatıp kelinedi.

Bir waqıttın’ o’zinde monopoliya ha’m monopsoniya esaplanıwshı firma o’zinin’ da’ramatın «bahalar qayshısı» usılı arqalı a’hmiyetli da’rejede arttıradı. Bunda monopol joqarı ha’m monopol to’men bahalardan paydalanılıp, olar ortasındag’ı parıq qayshının’ eki kesiwshi ta’repi bir-birinen uzaqlasqanlıg’ı sıyaqlı ulkeyip baradı. Bahalardın’ bunday ha’reketi tovarlr artıqshalıg’ı ha’m jetispewshiligi aymaqlarının’ ken’eyiwine tiykarlanadı Ol sanaattın’ ko’plegen qayta islewshi ka’rxanaları ushın ta’n boladı. Bul ka’rxanalar o’zlerinin’ tayar o’nimlerine o’ndiriwshi sanaat tarawlarında ornatılg’an bahalarg’a salıstırg’anda bir neshe ese joqarı baha ornatadı.

XX a’sirdin’ ekinshi yarımında AQSh, Frantsiya,Ullı Britaniya ha’m basqa Batıs ellerinde agrobiznes tarawının’ ken’eyiwi menen bahalar qayshısı tiykarg’ı usıllardan birine aylanıp, onın’ ja’rdeminde iri firmalar orta ha’m mayda fermerlerdi awıl xojalıg’ı o’ndirisinen qısıp shıg’ardı.

Oligopoliya sha’rayatında bahanın’ qa’liplesiwi.

Oligopoliya sha’rayatında bahanın’ qa’liplesiwi tarawdag’ı tovar islep shıg’arıwshılar ta’repinen qollanılıwshı «erip juriw» ha’m «biykarlaw» is-ha’reketleri arqalı ko’rinedi.

«Erip juriw» jag’dayında oligopolist ta’repinen baha boyınsha islengen o’zgerisi (bahanın’ artıwı yamasa to’menlewi) ne qalg’an oligopolistler ta’repinen de eriw, yag’nıy usınday o’zgerislerdi a’melge asırıw guzetiledi. A’dette, bazarda o’z tovarlarına bahanı pa’seytiriw arqalı tutınıwshılar sanı ja’ne satıq ko’lemin arttırıwg’a qarar etken oligopolist is-ha’reketine juwap retinde qalg’an oligopolistlerde bahalardı pa’seytedi. Na’tiyjede ulıwmalıq pa’seyiwi juz berip, bazardag’ı ules aldın’g’ı halda qaladı, yag’nıy oligopolisttin’ is-ha’reketi na’tiyje bermeydi.

«Biykarlaw» jag’dayında bir oligopolist ta’repinen baha boyınsha qılıng’an o’zgeris (bahanın’ to’menlewi yamasa ko’teriliwi) ke qalg’an oligopolistler ta’repinen biykarlaw, yag’nıy hesh qanday juwap o’zgerisleri bolmawı guzetiledi. Ko’binese bunday halat oligopolist ta’repinen o’z tovarına bahanı arttırg’an jag’dayda juz beredi, yag’nıy qalg’an oligopolistler tovar bahaların ko’termeydi. Na’tiyjede, bahanı ko’tergen oligopolist o’z tutınıwshılarınan ayrılıp, bazardan qısıp shıg’arıladı.

Joqarıdag’ı pikirlerden ko’rinip turg’anınday, oligopoliya jag’dayında o’ndiriwshiler bahanı ko’binese o’z-ara kelisiw arqalı belgilewge ha’reket etedi.

O’z o’nimlerine bazar bahaların ornatıwda oligopolistler ta’repinen «baha boyınsha jetekshilik» is-ha’reketi ken’ qollanıladı.

Bul is-ha’reket baha ja’rdeminde ba’sekilesiwdi biykarlap, bul tarawg’a kiriwshi oligopolist-firmalardın’ bahanı qa’liplestiriw ha’m onı o’zgertiwde jetekshi oligopolist-firmag’a erip juriwin talap etedi. A’dette tarawdag’ı en’ iri firma jetekshi sapaında juredi. Baha boyınsha jetekshi firma basqalarg’a qarag’anda ekonomikalıq jaqtan a’dewir ustin bolsa da, ol o’zinin’ is-ha’reketin tek baha ta’repten zorlıq o’tkeriw tiykarında a’melge asıra almaydı. Bahanı qa’liplestiriwde jetekshi firma basqa erip juriwshi firmalardın’ da ma’plerin itibarg’a alıwı lazım. Bul ma’pler olardın’ qa’rejetlerin qaplaw, normadag’ı paydanı ta’miyinlew, o’nimlerdi satıwg’a sha’rayat jaratıw sıyaqlı jag’daylar arqalı juzege shıg’adı. Eger talap yamasa o’ndiris shıg’ınlarının’ o’zgeriwi na’tiyjesinde bazar bahası oligopoliyalıq kelisim shen’berindegi firmalardın’ ma’plerine sa’ykes kelmey qalsa, jetekshi firma da’rhal bahalardı o’zgertiwi kerek boladı.

İntegratsiya protsessleri kusheygen sha’rayatlarda, ha’tte, salıstırmalı turde joqarı ba’sekige shıdamlı resurslar ustinliklerine iye ma’mleketler ekonomikasıda baha ba’sekisi ta’siri astında ha’lsizlenip qaladı. Ko’pshilik rawajlanıp atırg’an eller shıg’arıp atırg’an tovarlardın’ baha boyınsha ba’sekige shıdamlılıg’ında ko’binese miynetke az haqı to’lew aqıbetinde u’lken jetiskenliklerge erisedi.

Offshor IT-autsorsinginin’ jedel rawajlanıwına baylanıslı turde AQSh ha’m Evropada joqarı da’rejede haqı to’lenetug’ın jumıs orınlarının’ qısqarıwı kusheydi. Bul ma’mleketler kompániyaları jumıs orınların Hindistan, Braziliya, Filippin, Malayziya ha’m basqada rawajlanıp atırg’an ellerge ko’shirip, miynetke haqı to’lewde u’lken qarjılardı unemlewge erispekte.

Baha ba’sekilesiwine shıdamlılıqtın’ basqa a’hmiyetli faktorı materiallıq resurslardın’, sonın’ ishinde, energiya dereklerinin’ bahası esaplanadı. Energiya derekleri bahalarının’ o’siwi ja’ha’n bahaların ko’tergen halda ko’pshilik ma’mleketler sanaatına kushli ta’sir ko’rsetedi. Bul a’sirese, juda’ ko’p elektr energiyası talap etetug’ın ren’li metallardı alıw ha’m qayta islew tarawında anıq ko’zge taslanadı. Alyuminiy islep shıg’arıwda tutınılatug’ın elektr energiyası bahası ulıwma qa’rejetlerinin’ ushten bir bo’legin quraydı. Sol sebepli, alyuminiy bazarındag’ı ba’sekileslikke turli ma’mleketlerde shiyki zattın’ bar bolıwı g’ana emes, al elektr energiyasının’ arzanlıg’ıda o’z ta’sirin ko’rsetedi.

Xalıq-aralıq sawdanı aktivlestiriw jag'daylarında basqa ma'mleketler bazarlarına shıg'ıw ushın o'ndiriwshiler ta'repinen baha faktorınan paydalanıw strategiyası juda' ko'p mug'dardag'ı sawda tartısıwların keltirip shıg'ardı ha'm onın' ken' tarqalg'an ko'rinisi demping esaplanadı.

Bazar ekonomikasında bahanın' qa'liplesiw qag'ıydaların belgilewshi en' a'hmiyetli qurallardan biri, bahanı qa'liplestiriw mexanizmi esaplanadı. JST(ja'ha'n sawda sho'lkemi) ne kiriw protsessinde O'zbekistan aldında quramalı wazıypalar turıptı ha'm ol, o'ndiristin' maksimal na'tiyjeliligi ha'm ba'seki abzallıqlarına erisiw ma'qsetlerinde shıg'ın ja'ne bahalardın' qa'liplesiwinde ma'mlekettin' ta'sir ko'rsetiwin saqlag'an halda, bazar bahalarına tolıq o'tiw ma'selesi esaplanadı. Baha qa'liplesiwin ta'rtipke salıwdın' na'tiyjeli modeli jergilikli o'nimlerdin' ba'sekige shıdamlılıg'ın arttırıwg'a ko'meklesiw bolıp tabıladı. Bunda ka'rxananın' sap da'ramatı ko'lemleri «alıp satarlıq faktorları» (bahalardı ko'teriw oyını) emes, al resurslardan na'tiyjeli paydalanıwg'a baylanıslı bolıwı kerek.

Ta'biiy-klimat, geografiyalıq ha'm basqa xojalıq subiektinin' xızmetine baylanıslı bolmag'an faktorlardın' o'ndiriletug'ın o'nimnin' o'zine tuser bahasına ta'sirin bahanı qa'liplestiriw mexanizmi (renta ha'm basqa to'lemler) ja'rdeminde turli shegeralarda «tegislep jiberiw» kerek. Ma'mleketlik basqarıwdın' ja'ne bir a'hmiyetli wazıypası, ja'miyetlik tovar o'ndiriwshilerdi import o'nimler menen bir qatarda, jergilikli ka'rxanalar tovarlarına da koyılıwı mu'mkin bolg'an demping ( tiykarsız turde to'menletilgen) bahalardan qorg'awdan ibarat. Bul na'rseni import o'nimleri boyınsha tiykarlang'an turde «keltiriletug'ın zatlarg'a usteme baha» (aktsiz yamasa bajı) engiziw, jergilikli tovarlar boyınsha bolsa- shıg'ınlar quramın qa'liplestiriw qag'ıydaları ha'm ayrım shıg'ınlardın' normativ ko'rsetkishlerin ornatıw, o'zine tuser qundı kalkulyatsiya etiw sistemasın jaqsılaw, barlıq ka'rxanalar ushın nızam ta'repinen tastıyıqlang'an ha'mme ushın ma'jburiy bolg'an miynetke haqı to'lewdin' en' kem ha'm en' joqarı stavkaların tastıyıqlaw arqalı a'melge asırıw mu'mkin. Bunnan tısqarı, baha qa'liplesiwin ma'mleket ta'repinen ta'rtipke salıp turıwda ka'nshilik sanaatı o'nimleri, janılg'ı-energetika kompleksi, metallurgiya, sonday-aq, monopolistler tovarları (xızmetleri) bahalarının' belgileniwi ustinen qadag'alawda ko'zde tutıladı. Ulıwma alg'anda, baha qa'liplesiwinin' ma'mleket ta'repinen basqarıw sisteması ma'mlekettin' baha boyınsha siyasat bag'darları tiykarında qa'liplesken bolıwı kerek.

Bahalardı erkinlestiriw – ekonomikalıq reformalardın’ en’ tiykarg’ı bag’darlarınan biri bolıp, reformalardın’ sotsial-ekonomikalıq aqıbetleri ko’p ta’repten usı mashqalanın’ sheshiliwine baylanıslı boladı. Bahalardı erkinlestiriw shiyki zat penen o’nimlerdin’ ayrım tu’rlerinin’ bahaları, baha menen xalıq ha’m ka’rxanalar da’ramatları ortasında ten’salmaqlılıqqa erisiwge qanday qatnas jasaw menen parıqlanadı.Usı qatnaslarg’a tiykarlanıp, bahalar to’mendegi jollar menen erkinlestiriledi:

- bahalardı birden, yamasa «hawlıqtıratug’ın» ta’rizde qoyıp jiberiw;
- bahalardın’ o’siwin jasalma turde toqtatıp turıw;
- bahanı ma’mleket ta’repinen basqarıw ha’m qadag’alawdı belgili da’rejede saqlap qalıw.

Bazar ekonomikasına o’tip atırg’an ha’r bir ma’mleket, usı jollardan birin tan’lawda olardan ha’r birinin’ bar bolg’an real sha’rayatlarg’a qa’nshelli da’rejede sa’ykes keliwi, xalıqtın’ tiykarg’ı bo’leginin’ materiallıq awhalına qanday da’rejede ta’sir ko’rsetiwi, reformalawdın’ tan’lap alıng’an jolına qa’nshelli juwap beriwi ha’m kutiletug’ın unamsız aqıbetlerdi esapqa alıw u’lken a’hmiyetke iye boladı.

O’zbekistanda ekonomikanı reformalawdın’ o’zine ta’n printsipleri, ma’mlekettegi jag’day ha’m xalıqtın’ turmıs da’rejesi esapqa alınıp, bahalardı a’stelik penen ha’m basqıshpa-basqısh erkinlestiriw jolı tan’lap alındı. Usı jol menen bahalardı erkinlestiriwdin’ da’slepki basqıshında (1992 jıl basında) ken’ shen’berdegi o’ndirislik-texnikalıq qural bolg’an o’nimler, ayrım turdegi xalıq tutınıw tovarları, orınlang’an jumıslar ha’m xızmetlerdin’ erkin bahaları ha’m tariflerine o’tildi. Xalıqtı qorg’aw ma’qsetinde sheklengen shen’berdegi azıq-awqat ha’m sanaat tovarları bahalarının’ shegerası belgilep qoyıldı.

Bahalardı erkinlestiriwdin’ keyingi basqıshında (1993 jıl) kelisilgen ko’tere bahalardı ma’mleket ta’repinen ta’rtipke salıw toqtatıldı. Qatan’ belgilengen ha’m ma’mleket ta’repinen ta’rtipke salıp turılatug’ın bahlarda satılatug’ın tovarlar ha’m ko’rsetiletug’ın xızmetlerdin’ sanı a’dewir qısqardı.

Bahalardı erkinlestiriwdin’ keyingi basqıshı (1994 jıl) xalıq tutınıw tovarları tiykarg’ı turlerinin’ bahaları erkin qoyıp jiberildi, transport ha’m kommunal xızmetlerdin’ tarifleri asırıldı. Solay etip, respublikada ekonomikanı reformalawdın’ birinshi basqıshı bahalardı basqıshpa-basqısh (ush basqıshta) tolıq erkinlestiriw menen tamamlandı. Bahalardı erkinlestiriw xalıqtı isenimli ekonomikalıq ha’m sotsiallıq qorg’aw

ilajları menen birge alıp barıldı. Ma’mleket ta’repinen turli kompensatsiyalar ma’qsetindegi fondlar duzildi, xızmet haqı, stipendiya, pensiyalardın’ en’ kem mug’darları uzliksiz asırılıp barıldı.

A’yne na’tiyjeli ha’m aqılg’a muwapıq baha siyasatı ja’rdeminde ma’mleketimizde kundelikli muta’jliklerge iye bolg’an tovarlardı o’ndiriw jolg’a qoyıldı.

Ma’mleket ta’repinen belgilengen qag’ıydalarg’a muwapıq, bahalar o’nimnin’ o’ndirislik o’zine tuser qunı ha’m jalpı da’ramattı esapqa alg’an halda qa’liplesti. Bir qatar bazarlarda ba’sekinin’ jeterli da’rejede bolmawı, a’sirese, sanaat-texnikalıq a’hmiyettegi o’nimlerdi islep shıg’arıw tarawlarında, monopolist, a’dette, barlıq shıg’ınlardı o’zine tuser qun quramına, salıq ha’m to’lemlerdi bolsa, da’wir shıg’ınlarına kiritedi. Eger baha ba’seki rawajlang’an bazarlarda qa’liplesse, bunday jag’dayda  talap ha’a’m usınıs tiykarında juzege keledi.

Bazar ekonomikasının’ a’hmiyetli talaplarınan biri o’ndirilip atırg’an o’nimge erkin bahanın’ qa’liplesiwi esaplanadı. Bazar jag’dayında ka’rxana talap ha’m usınıs qatnasınan kelip shıg’ıp erkin baha belgilew imka’niyatına iye boladı. Sonın’ menen birge, keyingi jıllarda bahalar o’ndiris shıg’ınların da o’z ishine alıw za’rurligi barg’an sayın ko’birek tu’sinilmekte. Bunday tendentsiya o’tiw ekonomikası ellerinde de, bazar ekonomikası rawajlang’an ellerde de ko’zge taslanbaqta.

O’zbekistan ekonomikasının’ ko’pshilik tarawlarında bahanı qa’liplestiriw bazar printsipleri tiykarında a’melge asırılmaqta.

Ekonomikalıq teoriya ko’z qarasınan, satıwshı ta’repinen belgili da’rejede rentabellikke erisiwdi ko’zde tutıwshı baha da’rejesin tiykarlang’an ta’rizde qa’liplestiriw satıw ko’lemleri ha’m bir birlik zattı islep shıg’arıwg’a sarıplang’an shıg’ınlar ortasındag’ı tikkeley baylanıstı tu’sinip jetiwdi talap etedi. O’nim bahası onı islep shıg’arıwg’a ketken tolıq shıg’ınlar (o’zine tuser qun) dan joqarı bolıwı kerek. Derlik ha’r qanday tovardın’ o’zine tuser qunına esapqa alınıwı kerek bolg’an o’zgermeli ha’m turaqlı shıg’ınlar kiredi.

Solay etip, mikroda’rejede a’mel qılıwshı baha belgilew mexanizmi ba’seki guresinin’ na’tiyjeli quralı esaplanadı. O’ndiris shıg’ınları dinamikasın tu’sinip jetiw sheklengen sandag’ı tutınıwshılar ushın tovarlar islep shıg’arıwshı ka’rxanalarg’a a’hmiyetli esaplanıp, olar sapa da’rejesi ha’m xızmet ko’rsetiwge turlishe talap qoyıwı menen ajıralıp turadı.  O’ndiris shıg’ınların uyreniw tiykarında ha’r bir ka’rxana mikroda’rejede tiyisli baha strategiyasın a’melge asırıwg’a umtıladı.

**8.Ekonomikanın' real sektorı tarawlarında ba'seki ortalıg'ın qa'liplestiriwdin' innovatsion faktorları**

Milliy ekonomikanın' ba'sekige shıdamlılıg'ın arttırıw innovatsiyalıq protsesslerdi aktivlestiriw menen tıg'ız baylanıslı.

Ba'sekige shıdamlılıqqa erisiwdin zamanago'y modelleri ekonomikanı rawajlandırıwdın' ulıwmalıq tu'ske iye ha'm ba'seki ortalıg'ın qa'liplestiriw qa'siyetlerinen ibarat. Bul faktorlar to'mendegiler: o'ndiristin' sapa jag'ınan alıp qarag'anda awhalı ha'm onın' na'tiyjeligi; xızmetkerlerdin' ilimiy potentsialı, bilimi, ilmiy-texnik jetiskenlikleri; tiykarg'ı ba'sekige shıdamlı tarawlarda wqsas ha'm xızmet ko'rsetiwshi kishi tarawlar awhalı; talap sha'rtleri; ka'rxana strategiyası ha'm quramı.

Ba'seki ortalıg'ın qaliplestiriw ushın jergilikli o'nimlerdin' ishki bazarda da, sırtqı bazarda da joqarı ba'sekige shıdamlılıg'ın saqlaw maqsetinde to'mendegi wazıypalardı sheshiw maqsetke muwapıq: barlıq tovar o'ndiriwshiler ushın ishki bazarda ten' ba'seki imkaniyatların jaratıwda milliy o'ndiriwshilerdi sırtqı bazarlarda qollap-quwatlaw. Ekonomikalıq progresstin' bu'gingi basqıshında ma'mleket milliy ma'plerden kelip shıg'atug'ın ha'm du'nyadag'ı bolıp atırg'an waqıyalardı esapqa alatug'ın uzaq mu'ddetli ba'seki siyasatın islep shıg'arıw lazım.

Son'g'ı jıllarda O'zbekstanda innovatsiya tsiklin oraylastırmasdan sho'lkemlestiriwdin' jan'a forması ha'm usılları payda bolmaqta. Jan'a buwınlar ju'zege keliwdin' jedel protsessi keshpekte, onın' tiykarg'ı wazıypası injiniring ha'm usı jumıslardı orınlaw. Jan'alıqlardı kiritiwge «isbilermenlerge» imkaniyatlar jaratıw ku'shewip barmaqta, onda do'retiwshi jan'alıqlardı islep shıg'arıw ha'm onı engiziw boyınsha jumıslardın' basshısına aylanbaqta.

Aqırg'ı o'nimnin' ba'sekige shıdamlılıg'ın ja'nede ken'irek, ta'miyinlewdin' za'ru'r sha'rti innovatsiya xızmetin basqarıwdı, aqıl xızmeti na'tiyjesin xalıq aralıq bazardag'ı keskin ba'sekige shıdam bere alatug'ın tovar da'rejesine alıp shıg'ıw mexanizmin jetilistiriwden ibarat.

İlmiy-texnikalıq ha'm ilmiy o'ndiris birlespeleri, ilimiy-sanaat sho'lkemleri ha'm basqada iri oraylardın' O'zbekstandag'ı xızmeti na'tiyjeligi olardın' qasında kishi ilimiy-o'ndiris ka'rxanaların sho'lkeslestiriw jolı menen asırılıwı menen, olardın' tiykarg'ı wazıypası ilimiy toplamlar ha'm referatlardın' ken' ko'lemliligin ta'miyinlew.

O’zbekstan sha’rayatında innovatsion ka’rxanalardın’ tabıslı xızmetin ta’miyinlewde to’mendegi wazıypalardı sheshiw u’lken áhmiyetke iye.
- tiykarınan jergilikli menejerlerdin’ ta’jriybesine baylanıslı bolg’an, jan’alıqlardı izlew ha’m o’zlestiriwge beyim ortalıqtı jaratıw;
- barlıq innovatsiya xızmetinin’ tutınıwshı mu’ta’jliklerine boysındırılıwı;
- «izertlew – o’ndiris – satıw» protsessin tezlestiriw maqsetinde baskarmada da’rejeler sanın qısqartıw;
- jan’alıqlardı islep shıg’ıw ha’m engiziw mu’ddetlerin qısqartıw;

İnnovatsiya ortalıg’ının’ bu’gingi jag’dayı qısqa mu’ddetlerde jergilikli biznestin’ innovatsiyag’a bag’darlang’anlıg’ı joqarı da’rejesine erisiwge imkaniyat bermeydi. Sonın’ ushın, onı rawajlandırıw ma’mlekttin’ tu’rli bag’darlarının’ hareketlerin keltirip shıg’aradı. Ja’miettin’ innovatsion rawajlandırıwg’a o’tiwdin’ jan’a tovarlardı o’zlestiriwge standartlastırıw ha’m sertifikatlastırıwdın’ buyrıqpazlıq nızam-qag’ıydaların, jan’a o’ndiristi engiziw boyınsha texnik xızmetlerge monopoliya tosqınlıq etedi.

Bir waqıttın’ o’zinde innovatsiya xızmetin aktivlestiriw ilimiy izertlew institutları, joqarı oqıw orınlarıda usı ma’seleler menen shug’ıllanıwshı kompániyalar xızmetinede baylanıslı boladı.

Solay etip, innovatsiya vektor (baha, salıq, struktura, jergilikli h.t.b) ma’mleket ekonomikalıq siyasattın’ ha’r bir bag’darında esapqa alınıwı kerek. Ekonomikanın’ innovatsiyalıq rawajlanıwına tosqınlıq etetug’ın basqa faktor a’meldegi standartlastırıw ha’m sertifikatlastırıw sisteması bolıp tabıladı. Son’gı jıllarda ma’mleket ta’repinen ko’rilgen ilajlar usı protsesstin’ a’shka’ralıg’ın ta’miyinleydi, ra’smiy emes to’lemlerge «mu’ta’jlik»ti kemeytedi ha’m hu’jjetlerdi o’tkeriw mu’ddetin qısqartadı. Sonın’ menen birge, usı ilajlar ele ko’p mashqalalardı sheshiwge imkaniyat jaratqanı joq.

O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ 2017 jıl 8 sentyabrde qabıl etilgen №PF-5185-sanlı «O’zbekstan Respublikasında Ha’kimshilik reformalar kontseptsiyasın tastıyıqlaw haqqında»g’ı Pa’rmanına tiykarınan respublikada intellektual ha’m texnologiyalıq potentsialın asırıwdın’ uzaq mu’ddetli stsenariyleride tiykarg’ı bag’dar-innovatsiyalardı rawajlandırıw, ka’rxanalarda innovatsiyalıq xızmeti menen aktiv shug’ıllanıwdı xoshametlew ko’rsetip o’tilgen. Bul ekonomikanın’ en’ baslı tarawların innovatsiyalıq jaqtan rawajlandırıwdın’ keleshektegi modellerin qa’liplestiriw imkaniyatın

beretug'ın strategik milliy innovatsiya sistemasın jaratıw menen baylanıslı.

Haqıyqıy, milliy innovatsiya sisteması – ilim-pa'n, sanaat ha'm ja'miet ortasında sonday tıg'ız qatnasıqlar sistemasın qa'liplestiredi, onda innovatsiyalar ekonomikanı rawajlandırıwdın' tiykarı bolıp xızmet etedi, innovatsiyalıq rawajlanıw mu'ta'jlikleri bolsa ilimiy xızmettin' rawajlanıwın belgilep beredi ha'm xoshametleydi. Pu'tkil du'nyada ma'mleketler milliy innovatsiyalıq sistemag'a tayang'an halda milliy ba'sekige shıdamlılıqtın' joqarı da'rejesine erisiw ha'm onı saqlap qalıw siyasatın alıp baradı.

Milliy innovatsiyalıq sistemanın' birinshi kontseptual tiykarları 1980 jıllarda qa'liplesken. Lundvall (1985), Frimen (1987) ha'm Nelson (1987) milliy innovatsiyalıq sistemasının' tiykarg'ı maqsetlerin ta'riplep o'tken. Olardın' juwmaqları to'mendegi ideyalardan ibarat:

- ha'zirgi zaman ekonomikanı rawajlandırıwdın' tiykarg'ı faktorı biznesti rawajlandırıw ma'plerindegi innovatsiyalar ha'm ilimiy izertlewler ekenligi haqqındag'ı ideya;
- institutsionallıq – innovatsiyalıq xızmet mazmunı ha'm strukturasına ta'sir etiwshi faktor ekenligi haqqındag'ı ideya;
- ilimiy bilim ekonomikanı rawajlandırıyada en' za'ru'r rol atqaratug'ını haqqındag'ı ideya.

Bu'gin ha'r bir ma'mleket aldın'g'ı ekonomikalıq teoriyag'a tiykarlang'an o'z milliy innovatsiya sistemasın jaratıwg'a umtılmaqta. Biz bir neshe rawajlang'an ha'm rawajlanıp atırg'an ma'mleketlerdin' jetiskenshiligi ha'm kerisinshe, ku'tilgen na'tiyje bermegen ta'jriybeni analiz ettik. A'sirese:

*İnnovatsiya tarawında jetekshiler: AQSh, Ullı Britaniya, Germaniya, ta'jriybesi ha'm olarda neler is bergenin ha'mde islep atırg'anın biliw;

* Ekonomika rawajlang'anlıg'ı, ko'lemi ha'm strukturasına qaraw bizin' ekonomikag'a jaqın ma'mleketler; Belorussiya ha'm Qazaqstan ta'jriybesindegi a'melge asırılg'an reformalar boyınsha juwmaqlardı u'yreniw;

*jetekshiler dizimine salıstırg'anda jaqında kirgen ma'mleketler: Finlandiya ha'm İsroil ma'mleketlerinin' a'melge asırg'an jumısları bu'gingi ku'nde de en' baslı esaplang'anlıg'ın an'law biz ushın za'ru'r.

Bul ma'mleketler ta'jriybesin u'yreniw na'tiyjesinde ha'r biri ayrıqsha ma'mlekette milliy innovatsiya sistemasın rawajlandırıw strategiyası a'meldegi ma'mleket makroekonomikalıq siyasatı, normativ-huquqıy nızamshılıq, tuwrıdan-tuwrı ha'm tikkeley ma'mleket

basqarıwı formaları, ilimiy-texnologiyalıq ha'm sanaat potentsialı, ishki tovar ha'm miynet bazarı jag'dayı, sonın'day-aq, tarixiy ha'm ma'deniy rawajlanıw da'rejesi menen uyg'ınlasqan halda belgilengenligin anıqladıq. Ma'selen, İsroil haqlı ra'wishte bu'gingi ku'nde dunyanın' texnologiyalıq en' rawajlang'an ma'mleketlerinin' biri bolıp esaplanadı. Ha'r bir ideyanı a'meliy isleytug'ın, turaqlı ha'm joqarı da'ra'mat keltiretug'ın texnologiyag'a aylandırıw – bul jerdegi biznes ushın a'dettegidey tsiklg'a aylang'an. İsroil innovatsiyalardın' rawajlanıwına sha'rayat jaratıw da'rejesi boyınsha Global Innovation Index – 2017 reytingida 17-orındı iyeleydi. Bul ma'mleket bir waqıtları bo'leklenip ketken SSSR dan ta'jriybeli qa'nigelerdi ko'plep o'zine tartıwı, ilimiy-texnikalıq jaqtan ju'da' ilgerilep ketdi. 1989-1990 jıllarda İsroilg'a 200 mın'nan artıq injener ha'm alımlar keltirildi;

*xalıqtın' ta'jriybeli mag'lıwmatı dunyada AQSh ha'm Kanadadan keyin u'shinshi orındı iyeleydi;

* ilimiy ataqqa iye xızmetkerler barlıq islewshilerdin' 25 protsentin quraydı.

* alımlar sanı – ha'r 1000 adamnan xalıqqa 145 kisige tuwrı keledi, bul Yaponiyadan 70 kisi ha'm ha'tte AQShdan 85 kisi joqarı ko'rsetkish;

*xalıqtın' jan basına ilimiy jumıslar ko'lemi en' joqarı – har 1000 adamnan 109 betten;

* xalıqtın' jan basına berilgen patentler sanı boyınsha dunyada birinshi orında turadı;

* xalıqtın' ulıwma sanına salıstırg'anda dunyadag'ı en ko'p startaplar usı ma'mleket esabına tuwrı keledi. İsroil joqarı texnologiyalıq ha'm innovatsiyalıq kompániyalar sanı boyınsha dunyada AQShdan keyingi jetekshi orındı iyeleydi – jılına 4000 nan artıq yamasa ha'r ku'ni 12 si payda boladı;

* İsroil dunyadag'ı joqarı texnologiyalıq kompániyalar en' tıg'ız jaylasqan ma'mleket bolıp tabıladı;

*ma'mleket AQShdan keyin NASDAQ birjasında kotirovkalanatug'ın kompániyalardın' en' ko'p sanına iye;

*bir innovatsion ka'rxanag'a ma'mleket ta'repinen kiritiletug'ın investitsiyalar ko'lemi boyınsha du'nyada AQShdan keyin ekinshi orındı iyeleydi;

*xalıqtın' jan basına jan'a ashılg'an biotexnologiyalıq kompániyalar sanı boyınsha en' joqarı protsentke iye;

*isbilermenliktin’ rawajlang’anlıq da’rejesi boyınsha du’nyada u’shinshi orında ha’m onda hayallar, 55 jastan asqanlar sanı boyınsha birinshi orındı iyeleydi;
*İsroil kosmik kemelerin Shıgıstan Batısqa, yag’nıy jer sharının’ aylanıwına qarama-qarsı bag’darda ushıra alatug’ın birg’ana kosmik ma’mleket bolıp tabıladı. Bul raketalar dushpán qon’sı aymaqlar u’stinen ushıp o’tiwi imkaniyatın beredi.

Ulıwma, innovatsiyalarg’a tiykarlang’an ekonomika İsroilg’a aymaqdag’ı en’ joqarı turmıs da’rejesin ta’miyinleydi; xalıqtın’ jan basına JİO’ 2014 jılda 28,4 mın’ AQSh dollarin quradı. İsroilda tu’rli tarawlarda texnologiyalardı islep shıg’arıw menen shug’ıllanatug’ın sanaat kompániyaları ha’m universitetler kontsortsiumlardı finanslastırıw ushın bir neshe toplaw fondları, ma’mleket da’stu’rleri, infrasturkturalar a’mel qılmaqta. Bir so’z benen aytqanda, İsroilda innovatsiya sisteması alım ha’m injenerlerge o’zlerinin’ ideyaları menen jaratqan o’nimleri tiykarında jan’a kishi firma sho’lkemlestiriwge ha’m keyin ala o’ndiristin’ jan’a texnologiyaları, yag’nıy o’z innovatsion o’nimlerin bazarda tuwrıdan-tuwrı satıw ushın jen’illestirilgen imkaniyatlar jaratadı.

Basqa rawajlang’an ha’m rau’ajlanıp atırg’an ma’mleketler ta’jriybesin u’yreniw tiykarında to’mendegi juwmaqqa keldik:
1. İnnovatsiyalar ekonomikanı rawajlandırıwda ju’da’ za’ru’r rol oynaydı.
2.Uzaq mu’ddetli ekonomikalıq o’siwdi tiykarınan miynet o’nimdarlıg’ının’ o’siwi ta’miyinleydi.

Bu’gingi ku’nde İsroilda rawajlang’anlıq da’rejesi to’mendegi faktler menen ta’riplesek boladı:
*Ma’mleketde ha’r jılı 15-20 ta jan’a texnologiyalar jaratıladı ha’m o’zlestirildi, olar qatarında ekologik qa’wipsizliklerde bar. Bul ilim-pa’n ha’m innovatsiyalarg’a qarejetlerinin’ joqarılıg’ı (ma’mleket JİO’ nin’ 4,4 % a’trapında)
3. Ma’mleketde qolay isbilermenlik ortalıg’ın qa’liplestirmesten na’tiyjeli innovatsiyanı rawajlandırıw mu’mkin emes.
4. Qolay isbilermenlik ortalıgın qa’liplestirmesten innovatsiya proektlerin ma’mleket ta’repinen finanslastırıwdı ku’sheytiw to’men na’tiyjeli koeffitsientke iye boladı.
5. Milliy innovatsiya sistemasının’ jaratılıwı ilimiy izertlewlerdin’ kommertsiyag’a iye bolıwı ushın qolay sha’rayatlar qa’liplesiwine alıp keledi.

6. İnnovatsiyalıq sistemalardı sho'lkemlestiriw ha'm onı orınlaw printsipleri shet el ma'mleketlerde rawajlanıw modellerine qarap ayırmashılıqqa iye boladı.
Bar bolg'an sistemalardı o'zimizge ko'shiriw ku'tilgen na'tiyjeni bermeydi. Sonın' ushın usı ma'mleketlerde institutlar menen birgelikte islewi ha'm o'zara baylanıslar ornatıw mexanizmin ornatıw abzalıraq esaplanadı.
7. İnnovatsion rawajlanıwdın' en' baslı faktorı ekonomikag'a jan'a texnologiyalardı sin'diriw qa'bileti (absorbtion ability) bolıp, bul innovatsiyanı o'zlestiriw ha'm qollaw ushın qolaylı ortalıqtın' jaratılıwınan derek beredi.
8. O'zbekstan milliy innovatsiya sisteması menen ju'da' uqsas strukturag'a iye Belorussiya milliy innovatsiya sisteması ta'jriybesi sonı korsetip atır, rawajlanıp atırg'an ekonomika jag'dayında isbilermenlik sektorına izertlewler alıp barıwları ushın byudjet qarjıların ajıratıw innovatsion o'nimler islep shıg'arıw ko'lemin asırıwda tez na'tiyje beredi.
9. Qazaqstan ta'jriybesi sonı ko'rsetedi, finanslastırıwdın' venchurli mexanizmin engiziw qıyın wazıypa bolıp, qatan' ha'reketlerdi, o'zgerisler ha'm waqıttı talap etedi.
10. AQShtın' innovatsion rawajlanıw boyınsha ta'jriybesi to'mendegishe:
A) joqarı ishki ba'seki ekonomikada o'z-o'zinen innovatsiya ka'rxanalardın' erkin payda bolıwına sebep bolıwın;
B) joqarı ta'jriybeli qa'nigeler (yag'nıy, universitetler) qolay ma'kanda (laboratoriyalarda, ilimiy-izertlew institutlarında) ha'm qolay ortalıqta (innovatsion klasterlerde) na'tiyjeli islewi ha'm innovatsiyalardı rawajlandırıwdı da'lillep beredi.
1. Evropa Awqamı sonı ko'riw mu'mkin, aktiv finanslastırıw (JİO' nin' keminde 3 protsent mug'darında) innovatsiya potentsialın, og'an ag'za ma'mleketler ekonomikasının' rawajlanıwın ku'sheytedi.
2. Germaniya ta'jriybesi sonı ko'rsetedi:
A) tikkeley qollap-quwatlaw tuwrıdan-tuwrı basqarıwdan na'tiyjeli;
B) ilim-pa'n, islep shıg'arıw ha'm bazardın' integratsiyalanıyaı – ma'mleket innovatsiya sisteması elementleri birgelikte islesiwinin' en' na'tiyjeli forması.
3. Ullı Britaniya ta'jriybesi ko'rsetiwinshe, ha'zirgi zaman ekonomikasında pa'nler arasında izertlewler ha'm ko'rsetpelerdin' na'tiyjeleri tar bag'dardag'ı proektlerge qarag'anda joqarı.

4 Finlyandiya ta'jriybesine tiykarlanıp juwmaq shıg'arıw mu'mkin, siyasattı teren' o'zgertip, ma'mleketti rawajlandırıwdın' innovatsiya jolına burılıwı qısqa u'aqıtta ma'mleketti du'nyadag'ı jetekshi ekonomikalardan birine aylandırıw mu'mkin.
5. İsroil innovatsion o'nimlerdi kommertsiyalastırıw ha'm bazarg'a shıgarıw ushın en' qolay sha'rayatlar jaratqan ma'mleket.
Alıng'an juwmaqlarda rawajlang'an ma'mleketler ta'jriybesin u'yreniw tiykarında ekonomikanı innovatsion jol menen uzaq mu'ddetli rawajlandırıw, 2017-2021 jıllarda O'zbekstan Respublikasın rawajlandırıwdın' bes baslı bag'darı boyınsha Ha'reketler strategiyasının' 3-bag'darı «Ekonomikanı rawajlandırıw ha'm liberallastırıwdın' en baslı bag'darların»da belgilengen ilajlardı na'tiyjeli a'melge asırıw, ha'kimshilik reformalar kontseptsiyasında tastıyıqlang'an «Ma'mleket basqarıw sistemasına strategik rejelestiriwdin' zamanago'y formaları, innovatsion ideyalar ko'rsetpeler ha'm texnologiyalardı engiziw» ge qaratılg'an ma'mleket siyasatın basqıshpa-basqısh da'lillep beretug'ın kontseptsiya islep shıg'ıldı.
Shet el ma'mleketleri rawajlanıw ta'jriybesin u'yreniw tiykarında innovatsiyanı – bu'gingi ku'nde abadanshılıq ha'm ba'sekige shıdamlılıqtı ta'miyinlewshi tiykarg'ı faktor dep, innovatsiyalardı rawajlandırıwdı-ba'seki gu'resindegi abzallıqlardı qosımsha ta'rizde ku'sheytiwshi faktor sapaında ko'rsetsek boladı. Barlıq rawajlang'an ma'mleketler bul faktorlardı aldınnan esapqa alıp, o'z pozitsiyaların xalıq aralıq maydanda ku'sheytiriw ushın paydalanbaqta. İnnovatsion aktivlikti basqalarg'a qarag'anda aldınraq iske tu'sirgen ma'mleket hamme waqıtta utıp shıg'ıwın biliwimiz kerek.

## 9. Ba'sekinin' ku'sheyiwi sha'rayatında aymaqlardı rawajlandırıwdın' investitsiyalıq-innovatsion strategiyası

Bu'gingi ku'n sha'rayatında texnologiyalar qa'nshelli aymaqlıq rawajlanıw siyasatın ko'rsetiwi ha'm ba'sekige shıdamlılıqtı asırıw quralı sapaında texnologiyalardı xoshametlewdin' aymaqlıq investitsiya-innovatsion strategiyasın qanday etip qaliplestiriw kerekligi mashqalası en' baslı ilimiy-a'meliy mashqala bolıp qalmaqta. Xalıq aralıq ha'm jergilikli ta'jriybe sonı ko'rsetedi, ekonomika o'siw ko'rsetkishleri to'menlep atırg'an aymaqlarda materiallıq islep shıg'arıwda ju'da' ko'p jumıs orınları jog'alıp baradı, sonın'day-aq, xızmetler tarawıda salıstırmalı tu'rde to'men rawajlanadı. Demek, bunnan za'ru'rli juwmaqqa keliw mu'mkin: materiallıq o'ndiristin' rawajlanıwı xızmetler tarawının' o'siwine alıp keledi, biraq bunın' teskerisi emes. Usı tarawlar

arasındag'ı baylanıslar tıgız emes, yag'nıy xızmetler tarawın rawajlandırıw materiallıq o'ndiristin' pa'seyiwin qaplay almaydı. O'zbekstan ushın bunın' ma'nisi – awıl xojalıg'ı ha'm ekonomikanın' basqa tarawlarında jumıs ku'shinin' bosawı xızmetler tarawındag'ı ba'ntliliktin' tiyisli da'rejede artıwına alıp kelmeydi.

Materiallıq-texnikalıq innovatsiyalar investitsiya protsessi quralında engiziliwinde, aymaqtı rawajlandırıw investitsiyalıq strategiyanın' to'mendegi tu'rlerin ajıratıp ko'rsetiw mu'mkin:

- texnologiyalıq jetekshiler jetiskenliklerin tıg'ız qayta islep shıg'arıw ha'm bazardın' bos buwınların na'tiyjeli o'zlestiriwge bag'darlang'an;
- innovatsion, joqarı keskinlik da'rejesine iye jan'alıqlardı erkin islep shıg'arıw ha'm onı engiziw arqalı texnologiyalıq jetekshilikti ta'miyinlewdi;
- tiykarg'ı o'nimi innovatsiya bolg'an kompániyalar, firmalar ha'm bo'limler xızmetlerinen paydalanıwdın' venchur strategiyası.

Aymaqtın' investitsiya-innovatsiya stragiyasın a'melge asırıwda ilimiy izertlew firmaları ha'm bo'limlerinin' xızmetlerinen paydalanıwdın' tu'rli variantları, sonın'day-aq, sho'lkemlestiriw baylanısları ha'm olardı finanslastırıw usılları venchur strategiyası dep ataladı. Usı usıldın' o'zine ta'nligi sonnan ibarat, ol kapitaldın' tu'rli formaları: aktsionerlik, ssuda, isbilermenliktin' tıg'ızlıg'ınan ibarat. Qadag'alaw

Bunday analiz sonı ko'rsetedi, ayrıqsha aymaqlar ortasında innovatsion potentsialdan paydalanıw tezligindegi ayırmashılıqlar ko'binese belgili bir ka'rxanalardın' texnikadan na'tiyjeli paydalanıw imkaniyatları arasındag'ı ayırmashılıqlarg'a barıp taqaladı. Sonın' ushın orayda shetke salıstırg'anda engiziw ko'rsetkishlerinin' joqarılıg'ı awıllıq jerlerdi kemsitiw sapaında qaraw nadurıs.

Uzaq mu'ddetli keleshekte, ma'mleket ekonomikasındag'ı quramındag'ı jılısıwlarg'a, paydadan tısqarı globallastırıw menen baylanıslı ta'wekelchiliklerdide ta'sir ko'rsetiwi mu'mkin, olar qatarına to'mendegiler kiredi:

- Jer ju'zlik sawda sho'lkemi (JSSh) qag'ıydaları ha'm talaplarına eksport subsidiyaların sheklew, shet el shaxsların investitsiya xızmetinde kemsitiwdi qadag'alaw, eksport ha'm importtı ma'jburiy litsenziyalawg'a, sanaat o'nimleri ushın joqarı import ta'riplerine jol qoymaw;
- xalıq aralıq sho'lkemlerdin' finanslıq ashıqlıqtı talap etiwi, sonın'day-aq, shet el kapital ag'ımının' salmag'ı jılsıwı sebepli ta'rtipsizlik

ju'zege keliw qa'wipinin' artıwı, bul bolsa makroekonomika basqarıw sapaında ha'm ma'mlekette turaqlı sotsial-ekonomikalıq jag'daydı ta'miyinlewdi talap etedi;

- tuwrıdan-tuwrı shet el investitsiyaların tartıw ushın ba'sekinin' ku'sheyiwi. Aldın'g'ı shet el texnologiyalarınan u'lgi alıw imkaniyatının' to'menlewi, aqlıy mu'likke ta'n bolg'an xalıq aralıq huquqlar qorg'awının' keskinlesiwi, ma'mlekettin' sırtqı qarızlarının' o'siw qa'wipinin' ju'zege keliwi jer ju'zlik progresinen shetde qalıw qa'wipin keltirip shıg'aradı.

Solay etip, bizin' pikirimizshe, hu'kimet barlıq ka'rxanalarda, sonday-aq iri ka'rxanalarda innovatsion xızmetti qollap-quwatlawı lazım. İnnovatsion gigantlar du'nya bazarına shıg'ıwda ko'birek imkaniyatlarg'a iye, bul bolsa, o'z na'wbetinde ma'mleketke qosımsha valyuta ag'ımın ta'miyinleydi.

Sol qatnasıq penen sonı aytıw lazım, ba'seki o'z jag'dayına qarap global maqset sapaında emes, ba'lkim O'zbekstan Respublikasının' sotsiallıq wazıypasın ma'mlekettin' barlıq puqaraları abadanshılıg'ın asırıw wazıypasın sheshiw quralı sapaında za'ru'r. Bunnan tısqarı, ba'seki ortalıg'ında islep shıg'arılg'an o'nim ushın talap bolmag'anlıg'ı, yag'nıy sheklengen ta'biiy resurslardan tuwrı paydalanbag'anlıq jag'daylarıda ushırap turadı.

Ol yamasa bul investitsiya-innovatsion strategiyanı taslawdan aldın aymaqlıq rawajlanıw da'rejesin ha'm aymaq ba'sekige shıdamlılıgın bahalaw talap etiledi.

Aymaqlardın' ekonomikalıq rawajlanıw bag'darların en' joqarı da'rejede tiykarlaw ha'm onın o'zine ta'n qa'siyetlerin tolıq esapqa alıw ushın, pikirimizshe, belgili wazıypa yamasa mashqalalar jıyındısı na'zerinde alıp qaralg'anda aymaqqa ha'r ta'repleme teren' ta'rip beretug'ın o'zara baylanıslı ko'rsetkishlerdin' barlıq sistemasın itibarg'a alıw lazım.

Aymaqlıq potentsial, sonın'day-aq, ilimiy potentsialdın' ha'zirgi jag'dayına tek g'ana talay faktorlardı usınıw jolı menen tolıq ta'rip beriw mu'mkin. Biraq, faktorlardın' sanı ko'beygende anıqlang'an baylanıslardın' ta'ripi qıyın wazıypag'a aylanıp qaladı. Aymaqlıq potentsialdın' ha'zirgi jag'dayın ulıwmalastırılg'an faktorlar yamasa olardın' ishki, obiektiv nızamların sa'wlelendiriwshi tiykarg'ı bo'lekleri ja'rdeminde ta'riplew za'ru'rligi payda boladı.

# Mazmuni

Kirisiw………………………………………………………………
1. Ba'seki ortalıg'ının' payda bolıwı ha'm onı saqlawda ma'mlekettin' roli…………………………………………………………………….
2.Respublikamızda salamat ba'seki ortalıg'ın jaratıwda O'zbekstan Respublikasının' arnawlı nızamları………………………………………………………………
3. O'zbekstan Respublikası Monopoliyadan shıg'arıw ha'm ba'sekini rawajlandırıw ma'mleket komitetinin' ekonomikanı turaqlı tu'rde rawajlandırıwdag'ı roli……………………………………………………………………..
4. Monopoliyag'a qarsı ta'rtipke salıwdın' obiektiv za'ru'rligi. Monopoliyag'a qarsı ta'rtipke salıwdın' huquqıy ha'm sho'lkemlestiriwshilik-ekonomikalıq ta'repleri……………………………………………………………..
5. İnsan kapitalı rawajlanıwının' teoriyalıq tiykarları..
6. Milliy ekonomikanın' ba'sekige shıdamlılıg'ın arttırıwda insan rawajlanıwı kontseptsiyasının' roli.
7. Ba'sekinin' tu'rli ko'rinisleri sha'rayatında ba'sekige shıdamlılıqtı arttırıwda baha faktorınan paydalanıw…………………………………………………………….
8.Ekonomikanın' real sektorı tarawlarında ba'seki ortalıg'ın qa'liplestiriwdin' innovatsion faktorları…………………………………
9. Ba'sekinin' ku'sheyiwi sha'rayatında aymaqlardı rawajlandırıwdın' investitsiyalıq-innovatsion strategiyası…………………………………………………………